RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taoen . . . f 6,—
$1/2$ „ . . . f 3,—
3 woelan . . f 1,50
njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

DAWOEH SAKING INGKANG WITJAKSANA.

Bab pétangan djiwa.

Ingkang Witjaksana Goernadoer Djéndral de Graeff, andawoehaken dateng sadaja tijang ing Indonesia, katitimangsan wonten Betawi tanggal 29 Juli 1930 kados ing ngandap poenika:

„Ing sadjroné sasi September lan October ing taoen iki, ing sakoekoeban Indija - Nederland bakal dianakaké Pètoengan djiwa.

Pètoengan iki bakal bisa mènèhi banda boekti-boekti kang migoenani banget marang kawroeh tanah lan bangsa.

Ing ngendi-endi bakal ana djoeroe pétoeng angleboni saben omah, njateti wangsoelaning pitakon-pitakon kang bakal koedoe ditakokaké. Anggoné tjetjawis woes kepara soewé; lan soepaja pétoengan maoe bisa kasembadan, nganggo ngetokaké doewit akèh banget, apadéné andjaloek baoené wong maèwoe-èwoe.

Organisatie-né hija woes tjoemepak; nanging baoe lan waragad maoe bakal tanpa goena, manawa saben wong ora mènèhi katrangan prakara kang tinakokaké, kanti lega, tanpa was lan soemelang.

Kang ikoe, Paréntah moendoet temenanan, soepaja kabèh baé sing doedoenoeng ing kéné, pada ambijantoe ing sakoewagangé amrih kaleksanané pagawéjan iki kalawan betjik, kang ora doewé gagajoehan lija kadjaba moeng kanggo preloening oemoem."

Koela pitados bilih dawoehipoen Ingkang Witjaksana poenika badé dipoen-gatosaken tetijang ngriki sadaja.

PRADJA RAHAJOE.

OPVOEDINGSBELASTING.

(Paos pangadjaran).

Kados para maos temtoe taksih sami kagoengan lelamoekaning panggalihan bab prakawis „Opvoedingsbelasting" swanten ingkang ndadosaken gondjinging djagad pers Indonesia.

Rembag kasboet nginggil sampoen saèstoe karembag wonten ing „gedong bitjara ing Pedjambon," katingal ramé. Tjobi koela ringkesaken wosing rembag saking afdeelingsverslag, saha koela èmbèl - èmbèli sawatawis kados-poendi pamanggih koela menggahing bab kasboet nginggil!

a. Sawatawis warga tegen lan wontenipoen pranatan Opvoedingsbelasting — djalaran namoeng badé mlinderaken poendaking kawoela ingkang sampoen rempjek - rempjek mbajar paos! Prakawis ngindakaken paos kedah kasirik!!

Trenggana — Bravo sanget kalijan pamanggih poenika!! Bravo—Bravo!!

b. Sawatawis warga boten najogjani kersanipoen pamaréntah ngawonten paos pengadjaran, djer koewatos jèn hak pengadjaran waoe ladjeng dados hak koewadjibaning pamaréntah ingkang tetep, ingkang sadjatosipoen pamaréntah dateng babagan poenika namoeng njampeti kekiranganing kabetahanipoen kawoela.—

Kasinggihan sanget prijantoen!!

Langkoeng-langkoeng jèn babagan kasboet nginggil, kasawang mawi katja mripat Katholiek, mawi katja mripat Kath. Staatsidee ingkang gadah kajakinan bilih hak nggoelawentah makaten doemoenoeng wonten ing brajat! Wontenipoen atoeran Opvoedingsbelasting nggampilaken wontening raos, kados - kados pamaréntah setengah meksa njekolahaken anak - anak kita wonten ing pamoelangan negari ingkang adedasar „neutraal!!" Basa „nggampilaken wonten ing raos . . . . . ." boten sami kalijan „genah . . . ," djer koela pitados bilih sanadjan negari ngawontenaken atoeran paos pengadjaran, temtoe oegi boten ngawisi wontenipoen Confessioneel onderwijs oetawi pamoelangan - pamoelangan partikelir sanèsipoen!!

c. *Wontenipoen atoeran Opvoedingsbelasting saged nglembèkaken oetawi ngalang-alangi kamadjenganing particuliere initiatief ingkang saking sakedik saged ngawontenaken pamoelangan pijambak!!*

Leres sanget!!

Bokmanawi wonten ingkang badé ndébat „sing perloe rak anané pamoelangan," ora perdoeli sapa sing jasa — emboeh negara — emboeh particulier. O, boten makaten prijantoen! Èngeta bilih pamoelangan negari mekaten kedah adedasar „neutraal!" Kanggé sapéranganing kawoela ngemohi dateng dedasar neutraal waoe; anakipoen wiwit alit badé kagoela-wentah mawi dedasar ingkang dipoen-géndoli; kados wontenipoen Confessioneel onderwijs! Kaoem Katholiek njekolahaken ing pamoelangan Katholiek — Protestant ing Protestant — M.D. ing M.D. lan sapanoenggilanipoen.

Dados „particulier initiatief" perloe dipoensokong — dipoenbombong — sampoen ngantos dipoenlembèkaken dajanipoen!!

Pamaréntah koewadjiban ndjagi dateng kabetahaning para golonggolonganing ra'jat ingkang boten sami kaantepanipoen waoe!

d. Kanggénipoen pamoelangan particulier ingkang dèrèng angsal subsidie, wontenipoen atoeran Opvoedingsbelasting damel pitoena ageng sanget, djalaran boten saged narik bajaran sekolah kanggé soembang - soeroenging wragad.

Mila makaten!

Mangka terkadang ngantos tetahoenan dèrèng angsal subsidie! Sinten ingkang badé njanggi!! Leres oepami mangké sasampoening angsal subsidie — ragad-ragad badé wangsoel; nanging sadèrèngipoen . . . ? ? Poenapa inggih ladjeng narik bajaran kados déné oesoelipoen para warga ingkang njaroedjoeki wontenipoen paos pangadjaran! Ach — saja rempjek - rempjek; wis mbajar opvoedingsbelasting djéééé . . . ? ?

La poenapa ladjeng . . . . . jèn ora sembada ja adja nganakaké . . . . ; jèn nijat nganakaké ja sing sembada pisan.

O — gawat prijantoen! Jèn makaten tenèh nglelema wontenipoen kaoem „non," mangka pamaréntah kagoengan kersa badé memoelih piandeling kawoela.—

Saja jèn ngèngeti atoer koela ing c.

Kados - poendi jèn makaten poenika?? Poenapa badé katata ingkang saé sanget, boten damel pitoenaning sadaja golongan?? Kados - poendi pranatanipoen??

e. Jèn wonten Opvoedingsbelasting — logiesch-ipoen inggih kedah wonten atoeran „leerplicht" soepados ra'jat saged ngraosaken anggènipoen sampoen sami nama toemoet oeroen mbajar déwa „BELASTING."

Mila inggih kedah makaten! Bokmanawi pamaréntah ing sasagedsagedipoen ngawontenaken atoeran „leerplicht" étok-étokan — jèn boten kadamel tenanan, inggih nama kirang matoek kalijn nama sampoen damel atoeran Opvoedingsbelasting!

Atoer koela „leerplicht" temenanan! Tegesipoen . . . . jèn wonten tijang boten poeroen njekolahaken anakipoen „dipoen HOEKOEM," makaten poenika matoekipoen.

Nanging poenapa kawoela sapoenika sampoen wantjinipoen kawontenaken atoeran „leerplicht?" kados kadjeng koela poenika?

Kalijan malih oepami sampoen saged kawontenaken leerplicht kados kasboet nginggil; temtoenipoen pamaréntah ladjeng kapeksa jasa sekolahan malih pinten - pinten hèwoe tjatjahipoen — mbajar goeroe — pinten - pinten hèwoe malih!! Mana oeangnja dong!! Kas te kort looo??

* * *

Poenika alasan-alasan ingkan kadjengaken déning para warga ingkang boten najogjani kersaning pamaréntah bab wontenipoen „Opvoedingsbelasting." Sapoenika kanggé ingkang ngroedjoeki temtoenipoen inggih moelas - mrada opvoedingsbelasting — soepados ketingal manis — padjeng wonten ing peken Indonesia!

Manoet pamanggihipoen warga ingkang notjogi bab Opvoedingsbelasting waoe, kaoentoenganing negari badé langkoeng ageng tinimbang rekaosipoen. Wonten pamanggih ingkang „wah . . . . *djempol"* i. p. kanggé sekolahan^2 particulier ingkang dèrèng angsal subsidie, kanggé soembang soeroenging wragad, kénging narik „extra belasting" Wé — la saja dèjèk-dèjèk — HAPA — PAJOE ? ?

Tjekaking - tjekak; wontenipoen oetoesan Opvoedingsbelasting — Trenggana boten asésé sanget!!

* * *

Para sadèrèk ! !

Jèn koela manah-manah lampahing Onderwijs ing tanah Indonesia, NGELOE — MOEMET — sisah koela — Kok lééé pating blandit — oebeng-oebengan — angèl tjekel-tjekelané — angèl patok-patokané. Wontenipoen eindconclusie H.I.O. Commissie sampoen meksa kita poetraning Iboe Indonesia MELÈK ingkang WIJAR — Rembag opvoedingsbelasting — moemetaken sirah — sapoenika mak bedoengoes — H. I. S. — H. C. S. wonten swanten badé kasoewak, kagantos Algemeene Indiesche School — ingkang langkoeng mirah wragadipoen — H.I.S. — H. C. S. jèn rembag poenika katampi tjalon kénging sesakit! E.L.S. panggah sahadja!!

Para maos!

Koela atoeri manggalih ingkang jektosan atoer koela poenika!!

O — Indonesia, begdja temen kowé!

O — nggèr — anakkoe — dadi apa kowé bésoek ? ?

Éé, éé, ééé — katik sadjak memelas!

Para sadèrèk!

Wontenipoen rembag^2 TÈK-TÈK BENGÈK ingkang moeroegaken moemet waoe sadaja, saèstoenipoen oeger kita poeroen ngraosaken sajektos — raboek kanggé kita — soepados kita tjèkat - tjèket nandangi „Onderwijsactie" samanten waoe jèn kita pantjèn gadah nijat kepéngin nandangi bab poenika; makaten oegi kepéngin njamboet damel kanggé oemoem; kanggé bangsa Indonesia!

Mangga P. P. K. D. — P. K. W. — P. W. K. tjak-tjek — ingkang poetra sampoen ngentosi — ngantoe-antoe.

Mangga sadaja in actie ! !

Wonten toelada bregas; Sinten badé niroe?

Pandoe^2 I.N.P.O. — P. K. P. A. S. — H.W. enz. ing Soerakerta saged njamboet damel sesarengan ten bate voor de Mulo Taman Siswa ingkang badé kaedegaken ing Soerakerta!

Mangga K.P.B. — Moeda Katholiek Mataram Magelang — Tooneelclub — K.W. K.W. — W.K.W.K. — P.P.K.D. — in actie!!

Ènget — P.P.K.D. Madioen — Medari sampoen saged toemandang — poenapa sanès panggénan badé mlempem?

Indonesiers! FACTA NON VERBA kedah dados tjita-tjita kita!

Boektikanlah idam-idamanmoe!

Toendjoekkanlah ksatrianmoe sebagai poetra Katholiek Indonesia!

Koerbankanlah tenagamoe!!

TRENGGANA.

L A R A S A T I.

SALIB AWRAT INGKANG DADOS SESANGGÈNING PARA ZUSTER LAN RAMA PASTOER PAMONGING MOERID INTERNAAT.

Kita para dwidja kakoeng (poetri) ingkang katah-katah temtoe sampoen ngraosaken gesang wonten ing internaat.

Ingkang badé koela orèhaken poenika, sanès kawontenaning laré ing internaat, nanging salib awrat ingkang dados sesanggèning para Zuster ingkang momong moeridmoerid ing internaat; awit poenika ingkang sampoen koela alami (koela sipati).

Pandjenengan sedaja temtoe katah ingkang sampoen njipati, oetawi ngalami, alitipoen saged nginten-nginten, sepinten awrating sesanggènipoen tijang ingkang pinitados ndjagi laré èstri katah toer sampoen sami diwasa, njaèkaken kelakoewanipoen, sarta ndjagi sampoen ngantos alampah awon.

Ing wantji daloe jèn laré-laré sami tilem, dipoendjagi déning Zuster satoenggal oetawi langkoeng, sampoen ngantos sami omong-omongan, oetawi ndjalari kantjanipoen boten saged tilem.

Tanginipoen dipoen-gigah, ladjeng dateng ndjamban, dipoenirid dateng Grédja, dalasan dolan oetawi mlampah-mlampah inggih boten dipoentégakaken. Saben dinten laré-laré sami tampi piwoelang, langkoenglangkoeng pamerdi lan toelada saé, lan ginagoelang moerih saéning gesangipoen béndjing jèn sampoen medal.

Mangsanipoen mèh ngedalaken laré ingkang margi tamat pasinaonipoen, boten kendat mitoetoeri lan ngèngetaken sampoen ngantos nilari oetawi damel tjap awon dateng tilas sekolahanipoen, malah sageda dados tetoeladan ing gesangipoen, langkoeng - langkoeng ndjembarak en kraton Dalem, inggih poenika ingkang dados idam - idamaning para Imam lan para Zuster.

Wah, sapoenika, para siswa rini ing pangkat ingkang inggil pijambak sampoen sami medal. Poenapa sampoen rampoeng anggènipoen menggalih dateng para poetra waoe??? Temtoenipoen inggih sampoen, tijang sampoen boten winengkoe! Ananging poenapa inggih mekaten? Poenapa sampoen soeda awrating salib ingkang pinanggoel? margi sampoen ngedalaken moerid-moerid?

O, sedèrèk, malah saja tambah awrat! Margi saking dajaning katresnan, para Zuster tansah menggalih dateng para poetra, ingkang sampoen boten dipoenemong ing sadinten-dinten; gesang ing peraméjan, sami soemerep gebjaring donja. Penggalih kerep melang - melang, margi ngèngeti kasèkènganing manoengsa, bokbilih para poetra wonten ingkang kéloet toemoet dateng gebjaring donja; temahan nilar koewadjibanipoen djasmani, langkoeng-langkoeng rohani. Mila para Zuster boten kendat njembahjangaken, moerih rahadjenging soekmanipoen para poetra - poetra waoe. . . . . . O, saiba sekeling penggalihipoen para Zuster, Iboe ingkang ambek tresna poenika, manawi mireng pawartos, bilih wonten poetranipoen ingkang nandang sakit oetawi pedjah soekmanipoen, ingkang margi saking kiranging pangatos-atosipoen. . . . . . O, boten maiben, menawi para Zuster waoe ladjeng ngrentahaken waspa, margi saking welas lan katresnanipoen dateng para poetra.

Mekaten oegi para Rama Pastoer ingkang ngemong moerid - moerid internaat, temtoenipoen inggih boten béda kawontenanipoen kalijan para Zuster waoe. . . . .

Milanipoen para sedèrèk ingkang sampoen roemaos ginoela - wentah déning para Zuster toewin para Rama Pastoer, soemangga sami kerepa manah dateng salibing pamomong kita, saha ndjagi sampoen ngantos damel kasekelaning para pamomong waoe, nanging malah sageda menoehi idam-idamanipoen, ndjembaraken kraton Dalem kanti tetoeladan sembahjangan lan piwoelang, sarta males katresnan sarana lampah.

Gendari Manah.

ISINIPOEN.

Dawoeh saking Ingkang Witjaksana — Opvoedingbelasting — Salib awrat ingkang dados enz. — Srikandi - srikandi Indonesia enz. — Saking pakempalan — Swara-Tama — R. F. Djajasoemarta — Poesaka Rah Dalem ing Boxmeer — Pemandangan tentang Volkstelling — Angen - angen melajang — Kabar Merapi — Djaman tjèlèngan — Djagad pakempalan — Kaloeng pangilon — Poespita mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

SRIKANDI - SRIKANDI INDONESIA ING SOERAKARTA TOEMANDANG DAMEL!!

(Saking pembantoe Sw. Tm. pijambak).

Dinten Ngahad tg. 27-7-'30 P.P. I. I. afd. Soerakarta ingkang kadadosan saking pakempalan: W. K. — Aisijah — Santjaja Rini ngwontenaken parepatan oemoem kanggé prijantoen poetri toewin para ingkang ingoeleman. Manggèn ing Habipraja. Kadatengan ing ± tijang 400 kakoeng poetri! Wakil pakempalanpakempalan ingkang dateng „K. W. — P. P. K. D. — W. K. — P. K. W. — Aisijah — Santjaja Rini — J.I.B. — I. M. — H. B. B. O. — B. O. afd. Solo — P. M. S. — H.B. P. N. S. — P.N. S. tjabang Solo — Gesapbond Mardibasa — Habiprojo — Kridowatjono C. P. C. S. l. s. p. Wakil pers: S. K. — Sw. Tm. — Bendee — D. K. — Bromastani — Keng Po — Nationaal!!

Manoet Agenda ingkang karembag:

a) Pambikakan déning pangarsa! Wonten ing voorrede pangarsa medaraken bédanipoen wanita djaman samangké lan djaman roemijin. Wanita djaman samangké makaten boten namoeng koewadjiban ngoeroes balé grija, nanging oegi toemoet laboeh dateng oemoem, moerih saéning gesang bebrajan. Tangining para wanita waoe babar pisan boten badé „nandingi" para kakoeng; nanging mligi badé noetoeti kadjenging djaman.

*

b) Sesorahipoen wakil Aisijah sad. Njai Demang Soekati atitel: **„Sipating mitra darma".** Lezing waoe saé sanget; pantes kita gatosakan! Kerowanen sanget jèn koela serata sadaja; namoeng pandjenengan sadaja saged ngoekoer sapinten inggiling peil sesorah waoe kanti menggalih oengel-oengelan ing ngandap poenika, ingkang katerangaken déning spreekster kanti pandjang lébar sanget: i. p.

SAKING PAKEMPALAN.

JAARVERSLAG VAN LITH-STICHTING.

Ing taoen poenika Van Lith-Stichting dèrèng ngwontenaken jaarverslag; awit wiwitipoen madeg tanggal 15 Augustus 1929.

Bab Pangrèh.

Ingkang katetepaken dados wawakiling Kangdjeng Bisschop ing Betawi nalika tanggal 15 Augustus 1929, inggih poenika: Rama J. van Baal, Rector Xaverius-College Moentilan.

Sarèhné Rama J. van Baal tindak dateng Europa, Kangdjeng Bisschop netepaken wewakilipoen, inggih poenika: Rama Th. L. C. Cocx nalika tanggal 21 September 1929.

Ingkang dipoentetepaken dados Pangrèh V. L. S. nalika tanggal 17 Augustus 1930, inggih poenika:

1. Directeur: F. S. Harjadi.
2. Secretaris: C. Mochamad.
3. Penningmeester: R. M. F. S. Poerbadibrata.
4. Lid-lid: R. J. Djajaatmadja. R. M. F. Soerjamoersandi.

Bab Warga.

Nalika madegipoen V. L. S. tanggal 15 Augustus 1929, prijantoen ingkang sagah dados warga samangsa Stichting madeg, wonten 207, warga tansah mindak-mindak, sapoenika sampoen wonten 475.

Bab parepatan.

Pangrèh ngwontenaken parepatan kaping kalih:

1. Tanggal 17-18 Augustus 1929 ing Xaverius-College Moentilan.
2. Tanggal 24 Augustus 1929 oegi ing Xaverius-College Moentilan.

Pangrèh ngwontenaken pepanggihan ingkang boten dipoententtenggani wewakiling Kangdjeng Bisschop kaping 4.

Bab arta.

Kagebag ratjak mlebeting jatra saé, ± 90% ning contributie saged mlebet. Sapérangan katitipaken Volkscredietbank Magelang mawi sareman 4%.

Goenggoeng arta ingkang mlebet doemoegi tanggal 31 December 1929 wonten: f 1030,43^5
Jatra ingkang medal f 174,69^5
Saldo f 855,74

Arta samanten waoe kalebetaken:
I. Steunfonds f 684,59
II. Studiefonds „ 171,15

Bab propaganda.

Mindaking warga sapérangan ageng margi propaganda.

Propaganda kapérang dados kalih:

1. Sarana tijang.
2. Sarana advertentie ing Swara-Tama lan Soeara-Katholiek toewin serat.

V. L. S. gadah propagandabureau, woedjoedipoen:

Voorzitter: F. S. Harjadi.
Leden: R. M. F. Soerjamoersandi. P. K. Hardjawasita. C. Mohamad.

Propagandabureau damel propaganda:

1. Ing Soerakarta tanggal 31 Augustus 1930. Voorzitter Propagandabureau nerangaken toedjoening V. L. S.; warga mindak sawatawis.
2. Ing Ngajodja.
3. Sadèrèk P. K. Hardjawasita damel propaganda wonten ing Medari, Ngidjon, Doekoen lan sanès-sanèsipoen. Bestuur V. L. S. matoer noewoen sanget dateng sadèrèk P. K. Hardjawasita, déné sampoen karsa ngoerbanaken salira kanggé V. L. S.
Propaganda sarana serat dateng K. W. Kalasan, K. W. Blitar, K. W. Malang, K. W. Soerabaia lan dateng sadèrèk sanès-sanèsipoen.
Margi advertentie ing Swara-Tama lan Soeara-Katholiek katah sadèrèk tebih, oegi ing sadjawining tanah Djawi, ing Bandoeng saged ngwontenaken kring.

Bab kringen.

Nalika parepatan Pangrèh ingkang sapisanan, tanggal 17-18 Augustus 1929. Pangrèh netepaken wonten kring 11, inggih poenika:

1. Moentilan
2. Magelang
3. Ambarawa
4. Semarang
5. Tegal
6. Batang
7. Cheribon
8. Keboemèn
9. Djocja
10. Solo
11. Mendoet

Parepatan tanggal 24 Augustus 1930, netepaken kring no. 12. i.p. Klatèn.

Saking parajoginipoen Zelateur Cheribon, R. Padmawijata, kring Cheribon dipoenitjali.

Ing salebetipoen taoen 1929 kring V.L.S. mindak 3, inggih poenika:
no. 13. Karanganjar
„ 14. Bandoeng
„ 7. Salatiga.

Bab Zelateur.

Ingkang katetepaken dados zelateur nalika parepatan tanggal 17 — 18 Augustus 1929 kanggé:
kring 1. R. M. F. Soerjamoersandi
„ 2. C. Mohamad
„ 3. R. M. L. Soerja-Banaroesid
„ 4. E. S. Martawidagda
„ 5. F. Djajasoemarta
„ 6. F. Mangoensoebrata
„ 7. R. Padmawijata
„ 8. S. T. Sastraoetama
„ 9. R. M. J. Danawinata
„ 10. R. S. Martawihardja
„ 11. nalika samanten dèrèng wonten zelateuripoen. Pangrèh kintoen serat dateng sadèrèk I. S. Darmasoemarta. Prijantoen waoe kersa dados zelateur kring 11.
„ 12. R. Sastrawinata.

Margi itjaling kring Cheribon R. Padmawijata lèrèh anggènipoen dados zelateur.

Zelateur sanèsipoen:
kanggé kring 7. J. S. Hendrawarsita
„ 13. R. J. Adiwardaja
„ 14. E. Setoe.

Zelateur kring 2 lan 9, margi katah padamelanipoen dipoen-gantos F. K. Atmadja lan R. M. L. Jama.

Bab Serat.

Serat ingkang mlebet lan medal katah, nanging namoeng wonten serat sawatawis ingkang pantes katjatet ing jaarverslag.

1. Saking sadèrèk Florès: J. W. Fernandez, goeroe Schakelschool Ende.
Sadèrèk Fernandez waoe neda dipoenkintoeni Statuten lan H. R. Van Lith-Stichting perloe badé kanggé ada-ada saèmper V.L.S.
Sapoenikanipoen ing Florès sampoen wonten stichting saèmper Van Lith-Stichting.
2. a. Serat saking moerid H.I.S. Magelang.
b. saking sadèrèk L. Jadiran Djocja.
c. saking R. Soejitna Klatèn.

Bab. H. R.

Margi Rama Th. L. C. Cocx gerah dangoe H. R. saprikinipoen dèrèng saged dados.

Secretaris V. L. S.

PAREPATAN K. W. SOERAKARTA, 20—7—1930.

Djam 9,45 parepatan kabikak kados padatan.

I. Notulen kawaos, kaéwahan sakedik ladjeng kaanggep absah.

II. Pakabaran:

1. Sadèrèk Martawihardja pindah dateng Tinom.
2. Sadèrèk Brataatmadja pindah dateng Ambarawa.
3. Serat^2 saking P. K. W.
Ingkang preloe katjatet serat bab Comm. tatatjara. Sadèrèk: Hardjasasmita, sad. Atmapranata, sad. Nataboedya, sad. Martasoedirdja sami kapidji dados warga Comm. kaseboet.
4. Serat saking sekolahan Mardiwara, neda toeloeng dateng sad. Katholiek, ngréntjangi nenggani tentoonstelling ing sekatènan. Para sadèrèk sami rahap sagah mitoeloengi.
5. Woedjoeding pisoengsoeng dateng Rama H. Koch inggih poenika: dilah ingkang ngindakaken padanging altar.

III. Lezing: kados-poendi saged kita ngindakaken pamedal. Ingkang lèngseng ngandaraken srana-srananipoen, tjara Mladjengipoen„ dengan pandjang lebar."

IV. Pitakénan: Poenapa warga pangrèh K. W. kénging ngedalaken pemanggih, ingkang terkadang béda kalijan pamanggihing warga pangrèh sanèsipoen.

V. Kinten^2 djam 1,45 parepatan katoetoep kados padatan.

Pamjarsa.

BESTUURSVDEGAERING P. G. H. B. AFD. SOLO TANGGAL 20-7-30.

Vz. P. G. H. B. afd. Solo tampi serat saking secretaris Gewestelijke Bestuur, ingkang ngiras dados vz. Aubode Commissie kanggé mangajoebagja djangkep 50 warsanipoen Sri Maha Radja Poetri Wilhelmina; ingkang dawah mbéndjing tg. 1 September poenika. Wosipoen P.G.H.B. kapoerih organiseeren njekar sesarengan kanggé moerid-moerid pamoelangan Djawi ing Soerakarta. Poetoesaning rembag; sarèhning P.G.H.B. boten gadah sesambetan babar pisan kalijan sekolahan^2, mila boten saged nampi pandamelan waoe; saha namoeng saged tjaos pepènget, moegi ambadé Commissie kémawon gandènga kalijan schoolcommissie, ingkang gandèng lan pangoewaos ingatasing pamoelangan-pamoelangan.

A. J. S.

Mardiwara tentoonstelling.

mBéndjing sekatènan poenika pamoelangan Mardiwara ing Soerakarta badé damel tentoonstelling kados ingkang sampoen.

A. J. S.

PAREPATAN WARGA W. K. AFD. SOERAKERTA. 24-7-'30.

Manggèn ing „vergaderzaal" Koesoemajoedan Solo — wiwit djam 4, 30. Wontening rembag ingkang perloe-perloe i. p:

a. Pamboeka. b. Notulen — c. Parepatan oemoem wontening Habiprojo — ingkang kawontenaken déning pak. Aisijah—Santjaja Rini — wanita Katholiek i. p. pakempalan-pakempalan wanita ing Soerakerta ingkang sampoen manoenggil wonten ing P. P. I. I. mbéndjing tg. 27-7-'30. Parepatan waoe kanggé oemoem toemrap sadèrèk wanita; makaten oegi njoeroehi pakempalan-pakempalan sanès ingkang karaos perloe. b. Sesorahipoen Mevrouw. J. Poerwaatmadja bab „Spaarzaamheid." nenangi manahing para warga, para Iboe-iboe, ingkang dados pepilihing brajat soepados sami gemi, soepados saged ngasta balé grija kanti ngèngeti „goena kaskajaning" prijanipoen. Sesorah waoe kaparingan toelada njekapi; toelada-toelada waoe sedaja gegajoetan kalijan „koewadjibaning Iboe" ngasta balé grija — c. Oesoel-oesoel — Oeroesan Contributie — Congregatie afd. wanita — dèrèng saged toemindak—Saweg badé kaoeroes. —

Kirang langkoeng djam 7. 30 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng. —

WANITA KATOELIK NGAJOGJAKARTA.

Tanggal 26 sonten ngawontenaken parepatan manggèn ing dalemipoen panitra Mev. Soegiri, ingkang rawoeh langkoeng saking 100.

Poetoesan:

Ingkang karembag:

a. Ngawontenaken sectie kanggé ngindakaken soepeketipoen gotrah Katoelik èstri, langkoeng-langkoeng warganipoen W. K. Kanggé tjobèn-tjobèn kampoeng Djagalan manggèn ing Poerwakinanti.
b. Anggegesang a.b.c.-cursus.
c. Ngawontenaken feestcomité taoenan.
d. Ngawontenaken koemisi ingkang andapoek werkprogramipoen W. K.
e. Manggalih wontenipoen bibliotheek kanggé warga.

K. W. KEBOEMÈN.

Parepatan warga K. W. dd. 20-7-'30, manggèn ing dalemipoen sad. J. O. Jatmawardhana, ing Karanganjar, onderw. H. I. S.

Parepatan kabikak déning Pangarsa djam 10,30 mawi boeboeka kados adat saben. Warga ingkang dateng boten maremaken.

Wosipoen: ngrembag tata tjara Katoelik. Maos serat-serat saking Pangrèh ageng P. K. W. Oeroenan kasangsaran ing Likasan tjelak Ambarawa. Tarikan oeroenan woelanan. Adrès Sw. Tm.

Sasampoenipoen karembag lan kasaroedjoekan, parepatan katoetoep déning Pangarsa djam 1,15 sijang kanti wiloedjeng. Ladjeng ngaso, toemoenten parepatan P. P. K. D.

Rèhning adapoer kasesa lan wekdalipoen tjoempèn, notulen parepatan kapengker boten kawaos.

(Poenika katjekak lan kapendet wosipoen kémawon). P. K. Km.

I. Nalika sira ladèni gelem roemeksa awakira!
II. Jèn sira tresnani nimbangi!
III. Jèn sira nandang kasoesahan gelem noeloengi kanti éklasing ati!
IV. Jèn sira nandoekaké kabetjikan, ngrodjongi!
V. Jèn sira toemindak ala gelem ngélingaké kanti soetjining ati!
VI. Jèn sira betjiki nitèni!
VII. Jèn sira soesah mèloe soesah, boengah mèloe boengah!
VIII. Jèn sira doewé wadi gelem noetoepi rapet!
IX. Jèn loepoet gelem ngalah!
X. Remboegané barès, ora ana labeté lamis satitik-titika!

Poenika waoe kedah katindakaken déning tijang memitran! Bab prakawis barès kedah kanti doegi-doegi lan prajogi — empan papan. Saladjengipoen mbombong kaoem iboe samia kersa „tjak-tjek" toemandang ndamel, jèn boten makaten béndjing mindak dados paran toetoehaning „anak poetoe kita".

c) Sesorah saking Mej. Martini: wakil „Santjaja Rini" atitel „Panggoela-wentah = Opvoeding". Ing sakawit Spreekster njrijosaken toedjoening opvoeding i. p.: „mbesoet wewatekan soepados dados saé — ngoelinakakaken pakarti saé — marsoedi kaloehoeran — njampoernakaken gesang — marsoedi aloesing kaboedajan (cultuur). Saladjengipoen kagandèngaken lan kamanoengsan — kasoesilan. Teroesipoen Spreekster „kanti pandjang lébar sekali" ngendikakaken „wosipoen ngadjeng-adjeng wontenipoen volksopvoeding ingkang sami; djer opvoeding ra'jat Indonesia sapoenika taksih pating tjlonèh, warni-warni sanget. Volksopvoeding ing Indonesia dèrèng notjogi lan idealing poetra Indonesia. — Ing saladjengipoen spreekster gadah kajakinan bilih opvoeding makaten saénipoen adedasar kamardikan lan kanjataan (vrijheid en waarheid).

*

d) Sesorah saking Mej. Theresia Soealbirah wakil W.K. afd. Solo. Atitel „Oetamining wanita." Tjekak aos wosipoen ± makaten. „Oetamining wanita boten doemoenoeng ing lair, ing gebjar, ing éndahing warni, kasoegihan, kapinteran lsp. nanging doemoenoeng ing watak! Sesorah waoe kénging koela pérang dados kalih i.p. 1e. Nerangaken koewadjibaning wanita ingatasing njepeng balé grija, dados patih, makaten oegi dados katja benggalaning brajat! Wanita kedah saged ngasta balé grija kanti bregas — kedah saé beboedènipoen — kedah gemi — nastiti — soerti — ngati-ati lsp. 2e. Nerangaken koewadjibaning wanita ingkang awrat sanget i. p. „nggoela-wentah poetranipoen". Begdja satoenggiling panggénan, jèn ing panggénan ngrikoe kaoem Iboe sami ngertos dateng wadjibipoen. Begdja tn. Indonesia jèn tn. Indonesia gadah iboe-iboe ingkang oetami, ngertos lan nindakaken sajektos dateng koewadjibaning iboe sedjati. ngGoela-wentah laré makaten dédé prakawis baèn-baèn, langkoeng-langkoeng nggoela wentah laré èstri. Spreekster gadah kajakinan bilih nggoela-wentah laré poenika saénipoen kaasta déning iboenipoen pijambak, ing sasaged-saged sampoen ngantos kainjakaken. Amaning panggoela-wentah i. p. katah ingkang namoeng merlokaken gebjar, kirang nggatosaken menggahing kabatosanipoen, ingkang sadjatosipoen bab poenika perloe sanget; kedah karoemijinaken. Spreekster oeloek-oeloek, bilih laré makaten peparinging Pangéran ingkang ageng sanget, ingkang kapasrahaken dateng tijang sepoeh kadawoehan nggoela wentah ingkang saé, kanti samestinipoen. Amrih gampiling toemindak, para kaoem pendidik kedah tansah paring toelada saé, sampoen namoeng mitoetoeri kémawon, nanging . . ? Djalaran „woorden wekken, voorbeelden trekken," makaten oegi sampoen sok ngantjam ingkang boten badé kalampahan, oep.: „Jèn ora gelem . . . . . takperoeng koepingmoe loo . . ! ! Ladjering panggoela-wentah waoe kedah winadahan ing toewoeng kasabaran, kados déné wewelinging embah-embah boejoet kita ingkang katjeta wonten ing oengel-oengelan:

Héh ta tolé djedjamoea noeli, gegodongan pasrahing Pangéran, Berambang dangan atiné, temoe pantjering kalboe, babakan kajoe, ati wening, djantoené ati padang, lali nrimanipoen, meritja printjining drija, poepoes antep, pipisen panoewoen batin, wadahé sabar drana.

Minangka panoetoep, spreekster meling moegi-moegi kita sampoen ngantos gandroeng lan „Modernisme" ingkang dèrèng temtoe jèn saé; saha sampoen njepèlèkaken kalijan wewelinging embah-embah kita, ingkang dèrèng mesti jèn awon!

*

e) Sesorah saking wakil H.B.P.P.I.I. sad. Moendjijah! Spreekster mbabad-mbabadaken wontenipoen C.P.P.A. ing Mataram ingkang P.P.I.I. saged njamboet damel sesarengan lan pakempalanipoen para prija!

Ing saladjengipoen nggetoeni dateng wanita Djawi ingkang sami dados tlèdèk — ronggèng — koepoe malem lsp., makaten oegi ngeres ngraosaken sad. wanita ingkang kabloeweg ing djoeranging „Vrouwenhandel" ingkang margi saking bodonipoen dipoenapoesi tijang — katjolong — dipoensadé tijang sepoehipoen — wonten malih ingkang nijat ndjegoer pijambak, njadé badanipoen pijambak. Kita saged mitoeloengi wanita ingkang margi saking bodonipoen kadjegoer wontening goedang ageng waoe srana ngatahaken onderwijs — damel grija pandidikan laré jatim ingkang mesakaken poenika lsp. Spreekster ngoermati sanget dateng Dr. Soetomo ingkang sampoen jasa „Vrouwentehuis" makaten oegi dateng pak. M. D. ingkang ngadani grija jatim kanti pandjang lebar. Spreekster nerangaken bédanipoen tijang lan kéwan — kéwan pedjah saged nilari barang ingkang migoenani oep. gadjah pedjah nilari gading— Sapoenika manoengsa pedjah nilari poenapa. Wosipoen kémawon — kedah nilari kasaénan. —

(Salebeting ngendika Spreekster ndadak njaroewé kaoem pers samia netepi wadjibipoen, anggèné sami dados „Verslaggever" kedah samestinipoen; sampoen dipoenkirangi lan dipoen soeda.)

*

f) Sesorah saking sad. Soenarjati wakil H. B. P. P. I. I. nerangaken bab C. P. P. A.— saha toedjoenipoen pisan. Njrijosaken sangsaranipoen sad. wanita ingkang sampoen dados koerbaning vrouwenhandel, kanti toelada mawarni-warni. Regeering sampoen kagoengan bebadan ingkang kapoerih ngoeroes bab poenika — i. p. wontenipoen **„Bureau van Bestrijding der Vrouwenhandel"** nanging rèhning padamelan poenika angèl lan gawat sanget, mila P.P.I.I. perloe toemindak oegi, moerih énggal bèrèsing oeroesan ingkang wigatos waoe, i.p. wontenipoen bebadan C. P. P. A. Kita poetera Indonesia kedah boten ngemoengaken ndjagèkaken pitoeloenganing pamaréntah, nanging oegi kedah toemandang pijambak.

*

g) Sesorah saking Mej. Salmijati wakil H. B. P. P. I. I. Spreekster ngladjengaken mboemboni bab C.P.P.A. Wanita sami oesrek ngrembag wontenipoen „Vrouwenkiesrecht" nanging poenapa badé mèndel kémawon, bilih ing salebeting oesrek waoe kétjalan anak-anak inggih poenika sad. wanita ingkang sami kadjloengoep ing djoerang „Vrouwenhandel." Wontenipoen vrouwenhandel poenika waoe boten ngemoengaken ing tn. Indonesia, makaten oegi ing tn. Europa; ingkang ladjeng ndjalari lan gondjingipoen djagad „Volkenbond" saha lairing atoeran-atoeran Controle-Controle ing baita—statioen — wara-wara lsp. makaten oegi bab wontenipoen beambte-beambte wanita ingkang kapoerih ngoeroes bab kasboet nginggil. Jèn badé mbrantas poenika Spreekster gadah kajakinan saged medal propaganda — koran-koran — merangi gambar-gambar lan boekoe awon— l.s.p. Kaoem iboe kedah toemandang ingatasipoen prekawis poenika waoe sadaja.

*

Bibar poenika wonten sad: prija sawatawis ingkang sami ngedalaken bingah lan mongkoging manah, déné „Srikandi-Srikandi Indonesia ing Soerakarta" sami nglilir, saha ngatoeri kasagahan, samangsa wonten poenapa-poenapa pakempalan prija boten kawratan, tansah sijaga ngoerbanaken tenaga dan kekoeatan, bantoe kaoem iboe. Wonten ingkang sanget ngadjeng-adjeng moegi ing Solo énggala madeg C.P.P.A., djalaran risaking moreelipoen ra'jat Soerakarta sampoen **HANGGEGIRISI** — poenika njata sanget prijantoen!!

Wakil H. B. B. O. njrijosaken bilih gegajoetan kalijan ndjoendjoeng dradjading kaoem Iboe, H. B. B. O. jasa Cursus kanggé sadèrèk wanita—ingkang poenika moegi ngersakaken dados Cursist!

Poenika wontening rembag-rembag ingkang pantes koela pèngeti [kanti tjekak, djalaran . . . . .].

Kirang langkoeng djam 1 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

*

Hidoeplah kaoem iboe!!

Verslaggever.

V A R I A.

SWARA TAMA.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 30.

Dados pakabaranipoen boten badé kantoen kalijan s. k. sanès-sanèsipoen. Abonné s.k. kénging ladjeng katemtokaken mindakipoen, lan abonnementsgeld oegi kedah kaindakna.

Rak inggih sami moefakat ta para lengganan lan para maos ingkang sami ngoedi dateng adjenging dedamel kita Sw. T. (moefakat inggih katetepana lan kawoedjoedana).

Saking pemawasan koela boten badé ladjeng wonten pemanahan bab nggegampil lan ngrèmèhaken pambajaran abonnementsgeld, awit manawi s. k. kita pijambak sampoen madjeng, rak ladjeng katah para lengganan golongan kita, ingkang ngebon s. k. sanès ladjeng ndjegoer dateng s. k. kita pijambak, djer ing ngrikoe tetemboengan: „Het hemd is nader dan de rok" mesti ladjeng klebet ing pemanahanipoen para maos.*) Éwasamanten manawi pantjèn wonten ingkang noenggak boten mawi wonten keteranganipoen, abonné poenika pantes sanget kakaloengana pangilon (katja) kémawon. Koela acc. sanget, kersanipoen ngiloni gitokipoen.

Dipoenènget para sadèrèk! kemadjenganipoen bangsa kita Indonesiers ingkang namoeng adedasar kepertjajaan kebangsaan roekoenipoen saged kekel, poenapa golongan kita ingkang wonten dasaripoen kepertjajaan kebangsaan miwah Agami boten saged saijeg roekoen ngangkat, ngasah landeping dedamel kita Sw. T.?

O, ènget para sadèrèk, ènget! Sampoen ngétja-étja saré tempat tidoer pir-piran oetawi lelenggahan koersi gojang ngepir kémawon, samia mirsanana kiwa-tengen pandjenengan, sadaja sampoen sami woengoe, sami ngrerembag sami ngoedi dateng kemadjengan.

O, èngeta para sadèrèk, djamanipoen djaman rebatan. Èngeta tetemboengan „siapa tidak tjepet, tidak dapet."

O, èngeta para sadèrèk, dateng keloehoeran kita (nama awis reginipoen), langkoeng-langkoeng ing sapoenika djaman malitit arta.

O, èngeta para sadèrèk dateng keperloean kita (kekempalan ing Maatschappij, kirang pangertosan boten kadjèn). Èngeta dateng kemadjengan! madjeng teroes madjeng (Exelsior) Vergelijk: goeroe tjelatoe dateng moerid: „toelisan ikoe njelot soewé rak koedoe njelot betjik, ora kok bandjoer ala (margi schrift sampoen mèh kebak).

O, èngeta, para sadèrèk dateng idam-idaman kita, teka boten ladjeng katilar dijem, rèhning sampoen poeloehan taoen dèrèng saged anggajoeh? Wonten poendi wilskracht lan zelfstandigheidipoen? Andjal? Inggih sampoen ngantos; amargi itjaling banda kekalih poenika badé boten lepat itjaling idam-idaman kita ingkang loehoer-loehoer.

O, èngeta para sadèrèk dateng adjenging Missie. Minangka panoetoep koela mbengok malih, sageda sadaja poenika kapireng saking saindenging boewananipoen sadèrèk kita, lan énggala tjantjing tjantjoet tali wanda toemandanga ngajati adeging s. k. kita dadosa s. k. padintenan, awit manawi boten makaten swara golongan kita tangèh lamoen sagedipoen kapireng ing sadèrèk-sadèrèk golongan sanès, ingkang oegi ateges ngerèm dateng adjenging Missie.

Sad. Paredèn:

TOETIBOEDHIATI.

R. F. DJOJOSOEMARTO.

Sadèrèk R. F. Djojosoemarto goeroe ing Tegal kénging kawastanan *bapakipoen* sadaja sadèrèk Katholiek ing ressort Tegal.

R. F. Djojosoemarto waoe satoenggiling prijantoen ingkang saged ngemong dateng sadéngah tijang, sinten kémawon. Toer ambeg bèrboedi.

Sinten ingkang *kanggé ampiran* jèn pinoedjoe dinten ageng Paskah lan Kerstmis? Kedjawi wonten ing dalemipoen prijantoen kasebat.

Hla, mangka sapoenika R.F. Djojosoemarto kapeksa nilar kita Tegal kapindah wonten ing Bodja (Semarang).

Ingkang makaten waoe andadosaken gela, getoening manah kita wandawa Kath. ing Tegal.

Boten langkoeng saking pamoedji kita moegi-moegi pandjenenganipoen R. F. Djojosoemarto prijantoen ingkang ambeg welasan, tansah pinarigan berkahing Hjang Maha Soetji.

koela: *H. Soengkawa.*

*) Ambok wiwit sapoenika inggih sasampoena makaten. Red.

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Badé rawoehipoen Pastoer Djawi.

Kados ingkang sampoen naté kawartosaken ing Sw. T. ngriki, béndjing woelan ngadjeng, kinten-kinten tanggal koer-koeran ngrikoe, pandjenenganipoen pastoer *Soekiman* lan *Djajasepoetra*, kondoer angedjawi.

Kanggé mahargja rawoehipoen Pastoer Djawi kekalih poenika, sadaja pakempalan Kath. Djawi ing Ngajogjakarta sami saroedjoek ngawontenaken komité dipoenpangarsani sadèrèk Soegiri; panitranipoen sad. Padmawijata, déné penningmeester-ipoen sad. Soemandar. Anggènipoen mahargja tjalon wonten speelloods Broederan Kidoel Lodji.

Béndjing samangsa sampoen kantenan tanggal rawoehipoen, badé koela wartosaken ing ngriki.

Daredah Malta.

Katrangan saking Roem.

Roemijin sampoen naté kawartosaken, Inggris ngedalaken boekoe anama *Witte Boek*, andjalèntrèhaken kadadosan ing Malta. Kanggé nimbangi boekoe wedalan Inggris waoe, Vaticaan inggih ngedalaken katrangan, awoedjoed boekoe ± 200 katja. Ringkesanipoen manoet *Oss. Romano:*

a. *Politiekipoen Lord Strickland.* Kala 21 October 1927, serat kabar *The Progress*, orgaanipoen Strickland, ngedalaken sajembara, sinten lengganan ipoen ingkang saged damel wawaton, ingkang ngantos saged ngésahaken pandjenenganipoen Mgr. Camilleri, Biskop moersid toer sampoen sepoeh ing Gozo, badé kagandjar arta. Semanten oegi, inggih ngawontenaken pangebang gandjaran arta dateng sinten ingkang saged ngonangi, njoemerepi awoning gesangipoen para pastoer ing Gozo.

Tanggal 12 Juli 1928, Vicaris-Generaal ing Malta boten narimahaken: déné ing sangadjenging kadatonipoen Kg. Biskop wonten arak-arakanipoen para sakabat-Strickland mawi ngoewoeh-oewoeh, Sirnaa para ngoelama; sirnaa Kg. Santo Rama; sirnaa Sri Nata Kristoes! Widaa sang Calles!"

Kala tanggal 21 Febr. '29, wonten salebetipoen parepatan parlement, Lord Strickland kawedal anggènipoen njapèlèkaken Vicaris-Generaal kaseboet, poenapadéné Mgr. Gonzi; Biskop ing Gozo. Lekas ingkang makaten waoe boten damel renanipoen Maha Biskop ing Malta, kaseboet wonten serat ingkang dateng Vicaris-Djéndral-ipoen.

Pater Guido Micalliff, dipoendawoehi pangageng dateng Inggris; lan margi patoeranipoen, ladjeng tinoeding dateng Itali.

Paréntah Malta ngalang-alangi késahipoen ngoelama waoe. L. Strickland wonten parlement njrijosaken „saèstoe mbebajani toemrap katentreman oemoem, manawi wonten tijang mantja saged ngelih tijang Malta boten saking kadjengipoen tijang waoe pijambak," Nanging toemrap prakawis ingkang dipoenkoewatosaken Lord Strickland i. p. ambebajani toemrap katentreman waoe, Vaticaan boten naté saged manggih titikanipoen.

Gandèng kalijan prakawis ingkang moetawatosi toemrap kemoedining Ordenipoen para ngoelama poenika, poenapadéné awawaton tijang poenika kedah mbangoenmitoeroet dateng pangageng ingkang sampoen sah, pandjenenganipoen Kardinal Gasparri ladjeng ngadjengaken Nota dateng paréntah Inggris, i. p. kala 23 Febr. '29.

Apostolische Visitatie.

Kala semanten, paréntah Inggris ladjeng angrembagi soepados Vaticaan oetoesan Apostolisch Visitator dateng Malta, perloe njatitèkaken. Mgr. Pasquale Robinson ladjeng dipoenoetoes, malah boten namoeng apangkat Apost.-Visitator, nanging Apostolisch Delegaat, perloenipoen soepados anggènipoen niti priksa saged langkoeng talesih.

Strickland, poenika waoenipoen poenapa?

1889, Strickland dados sekretaris wonten Malta, nanging ladjeng dipoensengiti, ngantos kelampah dipoenpotjot. Swantan ing parlement ingkang ngroedjoeki potjotipoen, mèh sadaja. Strickland ladjeng késah saking Malta.

Saladjengipoen, saged dados goepernoer ing poelo-poelo Leeward, Taomanie, Australie-Kilèn, lan Nieuw Zuid Wales. Lan katawis anggènipoen boten njekapi, kirang igoeh, kirang pratikel; kados ingkang kabèbèr wonten *The Times* ing London kala 13 Sept. 1917.

Strickland wangsoel malih dateng Malta, ngedegaken parté péhak nagari, oet. Constetutioneele Partij, lan sasampoenipoen 6 taoen i. p. kala Agoestoes '27 saged dados minister nomer satoenggal. Wiwit poenika Malta meningi alam boten tentrem kados kalanipoen Strickland dados secretaris.

Lord Strickland kalijan Agami Katholiek.

Tandoekipoen dateng Agami lan golongan Katholiek pantjèn ngéwakéwakaken. Prakawis poenika katitik oegi, i. p. kalanipoen Strichland wangsoel ngambah politiek Malta malih, ladjeng kémawon njerat ngantos pinten-pinten kolom wonten serat kabar, mawi irah-irahan: „Oeripé lan moekdjidjaté" pastoer lan Biskop ing Gozo. Kadjawi poenika inggih katitik wonten ing tandoek njapèlèkaken wonten salebeting parlement, kalanipoen angrembag wet-wet ingkang ngakeni seseboetan-seseboetan dalem Kg. S. Rama.

Tjekak Lord Strickland mengsah para Biskop, mengsah Agami Katholiek. Lan prakawis-prakawis ing nginggil anggènipoen martosaken serat-serat kabar ing Itali, Inggris lan Malta sok dipoenboemboni, dipoenwewah-wewahi.

KABAR OEMOEM

INDONESIA

SAKING NGAJOGJAKARTA.

Sekatèn.

Djemoewah, 1 Agoestoes, sekatèn kabikak. Wonten pawartos, bilih ing sekatèn sapoenika-poenika, badé dipoenbjoeki kempalan badjingan saking mantja. Mila ingkang ngatos-atos.

Rawoehipoen Pastoer Djawi.

Ngajogja wonten komité kanggé mahargja rawoehipoen Pastoer Djawi. (—koela atoeri mriksani kabar Katholiek—).

P. G. H. B.

Koela mireng, gandèng kalijan anggènipoen Nagari badé ndawahaken liboeran October wonten salebeting dinten pétangan djiwa, (perloenipoen sageda goeroe-goeroe sami njamboet damel kanggé perloe poenika), P. G. H. B. Ngajogjakarta badé ngawontenaken protestvergadering. (10 Agoestoes).

Persdelict.

Margi persdelict, sadèrèk Drijowongso redacteur *Bintang Mataram*, kala 23 Juli poenika anglampahi wadjibipoen mlebet wonten pakoendjaran Ngajodja sawoelan.

L. T. M.

Pakempalan schaak „Langen Tjatoer Mataram" mentas ngloeroeg dateng Magelang mengsah „Broederschap" menang 1, i. p. 5 — 4.

Djadjahan Parangakik énggal.

Frankrijk gadah djadjahan énggal, lan saking alitipoen boten klebet wonten kaart boemi. Djadjahan waoe, poelo alit anama Tempest. Doenoengipoen wonten saantawisipoen Cochin China kalijan Borneo. Djembaripoen 50 A., djiwanipoen namoeng 4 glintir. Nembé poenika, satoenggiling kapal perang Parangakik nglèbètaken gendéra Parangakik wonten ngrikoe.

Kétjalan rabi.

C. P. P. A. martosaken bilih rabinipoen Ngatin oemoer 15 taoen, anama Amien, ing Salam halte Tèmpèl Magelang, kala 16 Juli itjal, bokmanawi kémawon kénging apoesipoen wèrek.

Wangsoelanipoen Paréntah.

Wonten parepatan Raad Kawoela 25 Juli, Wakil Paréntah toemrap prakawis oemoem, t. *Kiewiet de Jonge* mahjakaken katrangan warni-warni, kadosta:

Vaderlandsche Club.

Paréntah manggalih bilih actienipoen Vaderlandsche Club noewoehaken swasana moetawatosi (gespannen atmosfeer); njangetaken pisahipoen ngrika-ngriki. Lekasipoen V. C. kapanggalih namoeng gak kedoega (roekeloos), ambabajani. Manawi V. C. boten ngéwahi tradjangipoen, Paréntah angèl sanget sagedipoen nerangaken, bilih boten kagoengan kawratan manawi wonten ambtenaar dados warganing pakempalan poenika.

Paréntah ngadjeng-adjeng, soepados V.C. mangertosa bilih actienipoen samangké poenika toemrap V.C. pijambak inggih ambabajani.

Resisir.

Sasambetan dienst resisir Indonesia kalijan mantja nagari poenika prakawis aloes, gawat, mila Paréntah manggalih langkoeng saé prakawis poenika boten dados rembag kémawon. Paréntah mahjakaken angèlipoen pakarjan resisir.

Gelijkstelling Tionghoa.

Paréntah boten naté ngandikakaken, manawi tanggal 1 Djanoewari '30 poenika republiek Tiongkok boten anindakaken familierecht Kilénan, gelijkstelling bangsa Tionghoa ing Indonesia inggih meksa katindakaken ing dinten waoe oegi. Toemindakipoen prakawis waoe ing wekdal béndjing, poenika namoeng awoedjoed pangadjeng-adjeng, dados boten ndjandjèni.

Ambrangoes serat kabar.

Rembag ngawontenaken pranatan kanggé ambrangoes serat kabar, ingkang boten namoeng ngèngingi serat kabaripoen tijang Priboemi, taksih dipoenpanggalih.

Mr. Koesoema Soemantri.

Wonten parepatan dinten poenika, Paréntah taksih saged anedahaken toeroenan prosès perbal, patoeranipoen Mr. Koesoema Soemantri, mawi dipoenkantèni nota katrangan. Mila, awrat manawi kapoerih anindakaken paniti priksa malih ingkang langkoeng setiti, langkoeng neutraal.

Exorbitante Rechten.

Paréntah ambijantoe pambangoening exorbitante rechten (wewenangipoen G. G. amboetjal tijang). Paréntah inggih ngentosi oesoel-oesoel saking Raad Kawoela, ingkang manawi katindakaken saged maremaken.

Tijang oekoeman poelitik ingkang loewar.

Gandèng kalijan pitakènipoen t. Fruin bab tijang oekoeman poelitik kala ontran-ontran taoen 1926, Wakil Paréntah nerangaken bilih kala kadadosan 1926/27, tijang ingkang dipoentjepeng wonten 13.000. Tijang semanten poenika katah sanget ingkang ladjeng dipoenloewari, sanèsipoen sami kaboetjal. Wonten tijang dakwan 4522 ingkang dipoenoekoem boewi. Tijang semanten poenika ingkang sampoen medal margi sampoen rampoeng anggènipoen nglampahi oekoeman, wonten 1670. Doemoegi 31 Agoestoes ngadjeng poenika taksih wonten malih tijang 270 ingkang kawedalaken.

Schaal B dateng A.

Anggènipoen Nagari kagoengan karsa ngelih sawenèhing pangkat saking schaal B. 9 dateng A. 18 A., poenika sampoen kala nem taoen kapengker lan inggih mawi saroedjoekipoen Raad Kawoela.

Prakawis P. N. I.

Paréntah rena sanget, déné katah warga ingkang njaroedjoeki karsanipoen Nagari masrahaken prakawisipoen Ir. Soekarna dateng poetoesanipoen djaksa. Namoeng t. Fruin ingkang boten tjotjog. Dipoenterangaken bilih Nagari boten badé ngagem srana ingkang loear biasa (buitengewoon) manawi wet-wet limrah kémawan sampoen njekapi.

Pamanggih bab glédahan kala 29 Dec. '29, warni-warni. Mila Paréntah lan Raad Kawoela soepados ngentosi kémawon papriksanipoen pradata, manawi sampoen, saweg ladjeng amedaraken pamanggih.

Bokmanawi margi ngentosi poenika waoe ladjeng katah warga ingkang katoewoehan pitakénan poenapa sadaja ingkang dipoenwastani lepat ingkang linampahan wonten panindaking glédahan, boten saking lepatipoen P. N. I. pijambak?

Grondbezit.

Prakawis pambangoening pranatan siti (bab wewenang anggadahi siti toemrap tetijang Indo), Paréntah manggalih wontening koemisi awoedjoed wawakil sawatawis saking satoenggal-toenggaling golongan bangsa, dipoenwewahi malih warga ambtenaar sawatawis (ambtelijke leden).

Delèr énggal.

Wiwit tg. 2 Aug. poenika, toewan *L. H. W. van Sandick* goepenoer Molukken winisoeda dados warga Raad van Indië.

Oetek Indonesiër.

T. Soebrata Moerdakoesoema, wonten nagari Walandi loeloes iksamenipoen candidaatsexamen Ind. recht.

R. Kresna, Pandegelang, loeloes Groot Notaris-examen bagéjan kapisan.

M. Slamet. Semarang, loeloes groot Notaris-examen bagéjan kaping kalih.

Djénal Abidin Rechtshoogeschool loeloes candidaatsexamen bagéjan kapisan.

Rara Marjam, goeroe H. I. S. Bodjanagara, ingkang sampoen gadah hulpacte, badé neroesaken pasinaonipoen dateng Nederland, bokmanawi kémawon ngoepados hoofdacte.

Katarimah candidaatsexamen kapisan ing pamoelangan inggil kadokteran:

M. Soedioto (Bodeh), R. Kahar (Poerworedjo), Hassan Basri (Pariaman S. W. K.) M. Joedono (Magetan), R. Sardjono (Tempoeran), R. Soewadji Prawirohardjo (Solo), Santo (Patjitan), Soewondo (Koekoer afd. Magetan).

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

PARÉNTAH

kalijan ONDERWIJS KATHOLIEK lan NJAMBOET DAMEL SESARENGAN.

I. Wonten parepatan Raad Kawoela kala 11 Juli, kalanipoen angrembag Wawasan Oemoem, warga Katholiek t. *Monod de Froideville* medaraken kaantepaning manahipoen prakawis onderwijs, soeraosipoen makaten:

Panjoewoen koela kaparenga Paréntah ngakeni wewenangipoen golongan partikelir tandang damel anjampeti kabetahan onderwijs ing satanah Indonesia. Panjoewoen koela poenika, langkoeng-langkoeng kanggé tanah Indonesia; djer rembag anjampeti onderwijs boten saged dipoenoedari, manawi tanpa migoenakaken pambijantoenipoen sadaja golongan ingkang njoedijakaken kakijatanipoen kanggé prakawis poenika. Toemrap prakawis preloe kados njoedijani onderwijs poenika, temenipoen pantjèn boten saged anisihaken pambijantoenipoen golongan ingkang ngatingalaken, mila poeroen njamboet damel sesarengan; .. semanten waoe, manawi tijang nedya anindakaken politiek njamboet damel sesarengan, sarta ambombong panjamboet-damelipoen-pijambak golongan warni-warni toemrap perloe oemoem ......"

„Wij vragen erkenning van het recht van particulier initiatief op het gebied der algemeene onderwijsvoorziening van alle gebiedsdeelen van Nederlandsch-Indië. Wij vragen dat in het bijzonder voor Indië, omdat het vraagstuk der voorziening in de onderwijsbehoeften niet kan worden opgelost, zonder dat volledig gebruik wordt gemaakt, van de medewerking van alle groepen, die daarvoor, haar krachten beschikbaar willen stellen, omdat het, indien men een politiek van samenwerking wil voeren en de maastschappelijke zelfwerkzaamheid van verschillende bevolkingsgroepen aanmoedigt, niet aangaat, in belangrijke werken als onderwijsvoorziening op eenigerlei wijze van deze samenwerking uit te sluiten een groep die getoond heeft die samenwerking inderdaad te willen.

Dedasar Katholiek, pantjèn nengenaken sekolahan partikelir tinimbang sekolahan Goepermèn. Prakawis poenika sampoen wongsal-wangsoel koela atoeraken wonten Ontjèn ngriki.

Mila sampoen leresipoen, warga Katholiek waoe mahjakaken pamanggihipoen ingkang kados makaten. Sampoen leresipoen Nagari kedah ngakeni wewenangipoen golongan partikelir toemoet tandang damel anjampeti kabetahanipoen tanah Indonesia toemrap prakawis onderwijs.

Saoepami tanpa wonten pambijantoenipoen golongan partikelir, gèk sapinten taoen engkas, Indonesia badé soegih sakolahan?

Boten perloe koela pratélaken, bilih p a r t i k e l i r poenika waoe saking golongan *warni-warni*

Sapoenika, kados-poendi katranganipoen Paréntah toemrap redenipoen t. Monod waoe?

Wonten parepatan Raad Kawoela kala Djoemoewah tanggal 22 Juli poenika, Wakilipoen Paréntah t. Ir. Kiewiet de Jonge mratélakaken bilih atoeripoen t. Monod waoe gerbanipoen *leres*, i. p. toemrap poenapa ingkang kinarsakaken Paréntah nedya kaparingaken. Lan mesti kémawon inggih oegi dateng golongan Katholiek ingkang ngetok kakijatan kanggé njampeti kabetahan onderwijs ing ngriki.

„De Regeeringsgemachtigde releveert de vraag v. d. heer Monod de Froideville, namelijk inzake de erkenning van het recht van particulier initiatief op het gebied der algemeene onderwijsvoorziening in alle gebiedsdeelen van Nederlandsch Indië, naar aanleiding waarvan de Regeeringsgemachtigde opmerkt, dat dit in het algemeen juist is, wat de Regeering bedoelt te geven en zeker aan een groep als de Katholieke, wier arbeid voor de onderwijsvoorziening in Indië bezwaarlijk overschat kan worden." (Verslag Aneta 22 Juli).

Dados, Paréntah pijambak (kersa) *ngakeni* lalabetanipoen golongan Katholiek toemrap prakawis *onderwijs* ngriki. Moegi prakawis poenika dadosa pepèngetanipoen para prijantoen pangrèh pradja sampoen angengèl-engèl adegipoen sakolahan Kath. ing bawahipoen.

* * *

II. Njamboet damel sesarengan.

Wangsoelanipoen Paréntah loemantar Wawakilipoen, wonten Raad Kawoela 22 Juli, anjeboetaken makaten:

De Regeering wekt alle leden op tot een practische samenwerking, gekenmerkt door drie factoren:

1. een geneigheid tot samenwerking.
2. de afwezigheid van felle, actueele, onderlinge conflicten:
3. belangsteling voor een verhooging van de stoffelijke en geestelijke welvaart, in het bijzonder van alle hier-geborenen.

Dados Paréntah nanangi prakawis *njamboet damel sesarengan* dateng para warga Raad Kawoela. Déné samenwerking waoe awoedjoed: 1. pikadjeng dateng njamboet damel sasarengan. 2. njingkiri pasoelajan pijambakan ingkang soemengit, lan actueel. 3. migatosaken manginggiling karahardjan rohani lan djasmani langkoeng-langkoeng toemrap sadaja kémawon ingkang kalahiran ngriki.

Kanggé *nginggilaken* dradjadipoen Indonesia toemrap *lahir* lan *batos*, mila perloe sanget Paréntah anindakaken politiek njamboet damel sasarengan toewin roekoenan.

Nanging *soemelanging* manah koela, poenapa inggih samenwerking waoe saged toemindak ingkang *sadjati?* Djer samenwerking makaten anggadahi papanggil: *koedoe gelem pada déné ngakoni wewenang lan kaboetoehané.*

Pikadjeng koela makaten:

Tetijang Indonesia sampoen katitik *ngorong* onderwijs.

Nanging, ... karsanipoen Paréntah badé ngroengkret H. I. S.

Sampoen tétéla sanget kawoela ngriki sami *mlarat*, Poendakipoen sami mlinder.

Éwadéné, ... Paréntah meksa angekahi badé ngawontenaken *pangiridan.*

Prakawis kalih warni poenika kémawon sampoen tjekap kanggé noewoehaken *soemelanging* manah. Sampoen tjekap kanggé noewoehaken *pitakénan:* „Apa kelakon ana samenwerking kang sadjati? Tegesé: roeroekoenan sing resik, tanpa panggroendel, sepi pangoeneg-oeneg, *ngoegemi wawaton?*

Langkoeng tjeta malih manawi koela matoer makaten: „Rèhné betahipoen ngrika kalijan ngriki poenika *kerep* kémawon *ngalèr-ngidoel*, poenapa inggih saged toemindak wonten samenwerking ingkang angenggèni dadasaring njamboet damel sasarengan?

Koela mawi matoer makaten, poenika boten ateges koela ngemohi njamboet damel sasarengan kalijan Paréntah. Koela mligi njoengoelaken *soemelanging* manahipoen tijang katah ,déning njipati kawontenan-kawontenan ingkang nedahaken betahipoen ngrika kalijan ngriki sok ngalèr-ngidoel.

Boten perloe koela andaraken bilih kita Katholiek poenika golongan ingkang poeroen njamboet damel kalijan Paréntah. Kita poenika golongan *coöperator.*

Mila, kita inggih saged moengel kados t. Monod: „De Katholieken hebben immer zich bereid verklaard tot samenwerking, maar willen niet in eenig opzicht bij voorbaat worden uitgeschakeld." — „Kita tijang Katholiek tansah poeroen njamboet damel sesarengan. Nanging sadèrèng sasampoenipoen kita boten poeroen manawi kabédakaken, inggih toemrap prakawis poenapa kémawon."

Kumuningsaselé 27 Juli '30.

Taklim : *Patjar Mérah.*

CORRESPONDENTIE.

Karangan meksa wonten ingkang boten saged kapatjak, sanadjan Sw. Tm. sampoen dipoenwewahi kalih katja; mila poensrantosaken.

A. J. Beng: ingkang roemijin boten kapatjak, awit boten prajogi manawi kasoemerepaken.

Reginipoen njawa namoeng 10 sèn?.

Ing grija tijang sakit woeta Bandoeng, mentas wonten tijang woeta kalih sami pasoelajan prakawis arta f 0,10, ngantos adamel pedjahipoen salah satoenggiling tijang kalih waoe, margi dipoenblati.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8.30.	Tegal	6.30-8.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	6-8.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-830.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.30.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7-9.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.	Heuvel	5.30.		

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 3e. Achad.

Journalistiek.

Sad. Kotjosoengkono, redacteur Bintang Timoer pérangan Walandi, margi pasoelajan pamanggih, kalijan directeur-ipoen, medal saking redactie.

Toek toja bentèr.

Tjelak Batoe, Malang, pinanggih wonten toek toja bentèr énggal tjatjahipoen gangsal, bentèripoen wonten antawisipoen 35 kalijan 40 grad celsius.

Neda soedanipoen tarip.

Margi reginipoen gendis soeda, Java Suikerindustrie, nglampahaken panjoewoenan dateng G. G. njoewoen soedanipoen tarip momotan gendis wonten sepoer S. S.

Goedang ampas kabesmèn.

Goedang ampas pabrik gendis ing Blimbing Soerabaja, gadahanipoen H. V. A. isi ampas 45.000 karoeng, kabesmi. Sirepipoen latoe ngantos 12 djam. Kapitoenèn f 15.000.

Rosan gadahanipoen pabrik gendis Kebon Agoeng, Malang, mentas wonten ingkang dados awoe, ngantos sadasa baoe.

Rosan ing bawah Probolinggo wonten 240 baoe inggih dados mangsanipoen latoe.

Pamedalipoen S. S. soeda.

Ing salebetipoen sadasa dinten ing woelan Juli, gendis ingkang kakintoenaken medal S. S. soeda f 525 000, manawi katanding kalijan taoen kapengker oegi ing wedal poenika.

Sadasa dintenipoen malih, soeda malih f 500 000, . . . ngantos soedaning pamedal ing sawoelan kataksir badé wonten satengah mlijoen.

Sadaja momotan toewin tijang noempak, angsal-angsalipoen bokmanawi kémawon badé soeda 2 mlijoen roepijah poenika manawi katanding kalijan taoen kapengker ing woelan waoe. (A. I. D.)

Patjeklik ing Manggarai.

Kados ingkang sampoen naté kawartosaken, ing wiwitaning taoen poenika, margi ama tikoes, Manggarai (Timoer) kekirangan teda. Ing woelan Maart lan April saben-saben wonten djagoeng 1200 datjin kakintoenaken mrika. Woelan Juni lan Juli angintoenaken malih djagoeng 1200 datjin.

Lan sapoenikanipoen, resident Timoer, njoewoen dateng Paréntah loemantar tilgram soepados dipoenparengaken nganggé arta s a d a s a è w o e roepijah kanggé mitoeloengi patjeklik ing ngrika. Panjoewoenan poenika dipoenparengaken.

Arta kanggé tijang woeta.

Pangrèh „Vereeniging van het Lot der Blinden" ing Indonesia, mratélakaken bilih arta ingkang katampi kanggé tijang woeta wonten f 23.796.78.

Arta semanten poenika, saking Bandoeng f 3303,84, saking Semarang f 1045,64, saking Malang f 1162,60, saking Blitoeng f 2170,84, saking Betawi f 1253,85, saking Solo f 1064, saking Balikpapan f 1150.

Weduwen lan weezenfonds.

Warga Katholiek t. Monod de Froideville wonten parepatan Raad Kawoela neda wontening fondslaré lola, poenpadéné fonds kanggé warandanipoen prijantoen Priboemi.

Kadjawi poenika, inggih njoewoen soepados tijang ingkang brajatipoen ageng dipoenparingana soedan paos ingkang pantes, poenadéné pranatan bajaran sakolah ingkang langkoeng saé.

Idjab dèrèng ngoemoer.

Ing Bandoeng, salebetipon nem woelan poenika wonten ningkahan dèrèng ngoemoer ngantos kaping 44. Ingkang kaningkahaken waoe laré èstri oemoer saantawisipoen 13 kalijan 15 taoen.

Ama tikoes.

Kawartos ing Poerbalingga wonten ama tikoes, nanging boten sanget-sanget.

P. P. I. I. damel internaat.

Ing Bandoeng sakedap malih badé wonten grija pondokan kanggé laré èstri gadahanipoen P. P. I. I. Semanten oegi P. P. I. I. Djkaarta oegi badé ngedegaken pondokan.

Lelampahan bangsa Roeslan dipoentjepeng.

Nembé poenika wonten tijang Roeslan ambekta bodjo lan anak èstri satoenggal mlebet ing Indonesia, lan margi kadakwa propagandist, ladjeng dipoentjepeng. Anggènipoen njepeng wonten baita Tjibadak. Ingkang njepeng poelisi Soerabaja, atas dawoehipoen Pokroel Djéndral. Tijang Roes waoe manoet kémawon, dipoenbekta saking Soerabaja dateng Betawi, perloe dipoenpriksa. Pawartos ing nginggil poenika ingkang martosaken Aneta. *Het Nieuws* njarijosaken prakawis poenika kados ing ngandap poenika.

Ing Ngajogjakarta wonten tijang Roeslan anama N. Donskoy, sapoenika njamboet damel wonten toko djampi Van Gorkom, anggènipoen wonten Indonesia sampoen 16 taoen. Toer kalebet tijang saé. Kala nem taoen kapengker, t. Donskoy rabi pikantoek njonjah bangsanipoen pijambak nama Smirnoff.

Sabakdanipoen wonten brontakan ing Roeslan, marasepoehipoen t. Donskoy késah miroeda saking Harbin, dateng Shanghai. Nanging dangoe-dangoe panggesanganipoen wonten Shanghai saja ngrekaos, mila kala April kapengker kintoen serat t. Donskoy badé noesoel dateng tanah Djawi. Toewan Donskoy poeroen kémawon nampi datengipoen marasepoeh, nanging margi mlebetipoen tijang Roes dateng tanah ngriki dipoendjagi saèstoe, t. Donskoy waoe ladjeng neda pratikel dateng resident Westra Ngajogja. Soepados boten wonten poenapa-poenapa. Hoofd van den Immigratiedienst ladjeng dipoentedani palilah mlebetipoen t. Smirnoff kalijan njonjah dalah anakipoen èstri satoenggal. Hoofd Immigratiedienst mratélakaken dateng t. Donskoy boten gadah kawratan poenapa-poenapa ing bab badé mlebetipoen t. Smirnoff, waton dipoensoekani soemerep badé wonten poendi anggènipoen laboeh, perloenipoen sageda njoekani soemerep dateng ontschepingsambtenaar.

T. Donskoy ladjeng manggihi agèn J. C. L. ing Semarang kalijan ambekta serat saking Immigratiedienst waoe, perloe ambajar wragad-wragad kanggé marasepoehipoen. Sareng t. Donskoy pikantoek tilgram saking Makasar bilih familie Smirnoff noempak baita Tjibadak, . . . boten antawis dinten ladjeng metoek dateng Soerabaja, nanging datengipoen wonten kapal kasèp. Mila ladjeng ngadep dateng Immigratiedienst. Wonten ngrikoe dipoenpoerih teroes pinanggih poelisi, ... wasana pikantoek kabar bilih marasepoehipoen dipoentjepeng, margi dipoendakwa dados propagandist Moskou.

T. Donskoy inggih njobi sowan Pokroel Djéndral nanging boten dipoentampi. Smirnoff djaler èstri taksih dipoenpriksa, nanging anakipoen kénging dipoenbekta t. Donskoy.

Pokroel Djéndral.

Mr. R. J. M. Verheijen, sawangsoelipoen saking perlop kaangkat dados pokroel djéndral ngiras advocaat-fiscaal kanggé barisan samodra lan daratan.

Boven Digoel.

Nalika dipoenpitakèni wakil serat kabar, delèr Hillen ingkang mentas niti priksa Digoel, mratélakaken:

a. Poenapa kolonie ing ngrika saged dipoenbibaraken, poenika taksih satoenggiling tjangkriman; nanging tatanèn ing ngrika mila sanget awonipoen.

b. Sasakit malaria lss. mokal sagedipoen dipoenitjalaken.

c. Katah tijang ingkang tjalon saged kaantoekaken. Nanging inggih taksih wonten ingkang kalestantoenaken kaboetjal wonten Tanah Mérah.

Kantor advocaat Indonesiër.

Ing Soerabaja badé wonten kantor advocaat dipoenpangagengi R. M. Sidarta tilas ondervoorzitter landraad Djember.

Margi bezuiniging.

Ing bingkil S. S. Bandoeng, mentas wonten taakwerkers 33, toekang 23, lan tijang gangsal malih, sami dipoenkèndeli, margi ngirid.

Minggah kadji.

Tijang Indonesia 29.000 ingkang sami minggah kadji dateng Mekah, wonten 26.900 ingkang wangsoel, dados kirang 2.100 oet. 7,2°/₀ langkoeng. Tijang 2.100 poenika waoe wonten ingkang pantjèn teroes wonten ngrika ngladjengaken lampah soetji (nanging namoeng sakedik), déné sanèsipoen sami pedjah. Tjatjahipoen ingkang pedjah poenika, langkoeng sakedik tinimbang taoen kapengker, bokmanawi saking tatanan pandjagi ingkang kadawoehaken sang praboe Ibn Saud, kadosta: njaèkaken toja ombèn lss.

Kadji-kadji poenika waoe ingkang katah saking Djawi Kilèn langkoeng-langkoeng Banten lan Prijangan. Kadjawi poenika, ing taoen poenika inggih katah tijang Muntok ingkang sami minggah kadji.

POESAKA RAH DALEM ING BOXMEER.

(Serat saking Nederland).

Boxmeer poenika sami-sami kita ing nagari Welandi klebet kita alit, toer doenoengipoen radi kepéring, i.p. wonten ing Noord - Brabant, podjok kidoel-wétan; kalijan tapelwates Duitschland tebihipoen namoeng kantoen ± $1^1/_2$ pos. Agenging kita watawis namoeng sapara tiganipoen kita Ngajodja. Tijangipoen kirang-langkoeng 4000, ratjak Welandi sadaja; tijang mantja namoeng sakedik sanget, kadosta: tijang Duitschland, Jahoedi. Tijangipoen Djawi namoeng satoenggal til. Sinaosa Boxmeer poenika kita alit, ananging ageng kramatipoen, dados pasoedjarahanipoen tijang Katoelik Brabant lan ing sakiwa-tengenipoen, amargi ing rikoe wonten poesakanipoen ingkang pantes pinoendi-poendi i.p. Rah Dalem Sang Kristoes. Awit saking poenika Boxmeer oegi dipoenwastani: De stad van 't H. Bloed. „Oenggjaning Rah Adi" . . ?

Rah Dalem waoe kasimpen wonten Grédja St. Pétroes, Grédja ing Boxmeer, kagoenganipoen para Rama warga pakempalan Karmèl. Agenging Rah kirang-langkoeng sakentos salak, ndjendel, warninipoen sampoen tjemeng kabekta saking dangoenipoen, ndlemok toemèmplèk ing katjoe petak ingkang oegi sampoen dados djené mangkak. Ing sakiwa-tengening djendelan Rah taksih wonten dlemokanipoen alit-alit. Katjoe petak waoe roemijinipoen Corporaal i.p.: katjoe ingkang kaagem ing Imam jèn pinoedjoe Mis, kadjèrèng ing altar minangka lèmèking Salira Dalem. Katjoe waoe kasimpen ing tjoepoe mas, wangoen gilig, pandjangipoen ± 2 d. M. déné loewengipoen, kaétang garis tengah ± $^1/_2$ d. M. Moerih tjetanipoen: wangoening tjoepoe waoe mèmper kalijan kaloenging laré, wadah djimat, kaot mawi soekoe bebantjik lan ing ngadjeng, kadoegi $^1/_3$ loeweng, kapasangan gedah; dados poesaka Rah Dalem katingal saking djawi. Jèn tijang badé nglairaken soengkemipoen dateng Rah Dalem, sagedipoen namoeng noetjoep gedah waoe.

Tjoepoe waoe ing saben dintenipoen soemaré ing altar miroenggan, sakiwanipoen altar tengah. Altar waoe dipoenwastani altar Rah Dalem. Déné jèn pinoedjoe sinéwaka, tjoepoe kapasang ing grijan alit slaka asesekaran emas, kinara - wista asri sanget kados tjandi, inggilipoen ± $^1/_2$ M, pandjang ± 3 d. M. wijar ± 2 d. M. Ing empjak ingkang sisih ngadjeng wonten seratanipoen ingoekir, oengelipoen: Anno. 1656; tegesipoen: Ing taoen 1656. Dados nitik seratan waoe, anggènipoen ijasa omah-omahan sampoen kina sanget, kadoegi njarengi madegipoen pradja Ngajodjakarta, nitik taoenipoen tamansari Ngajodja. — Ing empjak sisih wingking wonten seratanipoen oegi tjara Latin:

Chronic. Duplex
Tessera Fidei
Comitis Alberti
et
Magdalenere
Conjugis.

Seratan poenika sengkalaning taoen. Chronic poenika tjekakanipoen Chronicum, djawinipoen ing riki: sengkalan. Asal saking temboeng Grieksch: Chronos, ateges: wekdal. Mangga dipoentanding kalijan: sengkalan; andak poenika asalipoen boten saking temboeng: kala? Déné duplex tegesipoen: dobel, rangkep. Ing rikoe kadjengipoen: angkaning sengkalan dipoendamel sami kalijan dobel kalihipoen angkaning th. ingkang sinengkalan. Angka waoe kawoedjoedan angka Roem ingkang kamot ing oekara ing san-gandapipoen pitemboengan: Chronic. Duplex. Tjobi kaétanga pijambak! i = I = 1. D of d = 500. C = 100. 1 of L = 50. m of M = 1000. u = 5. Angkaning taoen ingkang sinengkalan: 1656 (anno 1656). Dados jèn kepanggihipoen sengkalan: 1656 × 2, inggih tjotjog. — Rak lebet lan saé sengkalan Djawi inggih? Déné tegesipoen oekara, makaten: Paseksèning pangandel Graaf Albert lan garwa: Mahdalénah.

Kedjawi poenika ing ngandap trititsaning grijan moebeng oegi wonten seratanipoen, asoeraos: Ijasan poenika pisoengsoengipoen ingkang Minoelja toewin Kinawasa saha Linangkoeng Risang Albert, Graaf toewin Mark-graaf ing Bergen of Zoon lss. sagarwa: Mahdalénah, minangka pratjihnaning soengkem dateng Rah Dalem, poesaka ing Boxmeer. — Njata sakedik: tijang loehoer poenika ing poendi-poendi kok sami soegih seboetan.

Graaf Albert lan garwa: Mahdalénah poenika roemijin ingkang ijasa klooster ing Boxmeer, ing taoen 1653. Kalijan timboelipoen orde Jezuïet namoeng kaot sakedap!

Babadipoen Poesaka Rah Dalem.

Katjarijos ing taoen 1400, ing Boxmeer wonten satoenggiling Imam, nama boten kaseboet ing babad, njaosaken koerban Mis-Soetji wonten Grédja. Sareng nedeng-nedengipoen Konsekrasi Imam waoe ing batos radi tipis pitadosipoen: „Andak roti lan anggoer iki njata malih dadi Salira lan Rah Dalem Goesti Jésoes temenan?" Ing sanalika poenika oegi Rah Dalem ingkang wonten toewoeng mbloedag, loebèr dawah ing corporaal, mèrèh - mèrèh awoedjoed rah saèstoe. Imam sanget ing kagètipoen, sakedap kamitenggengen boten ébah. Wasana ladjeng émoet, nalangsa ing Pangéran, sanget kedoewoeng ing manah, déné ngantos kami poeroen mengeng ing pitados. Ing rikoe Pangéran toemoenten paring sasmita bilih dosanipoen kaapoenten: Rah Dalem ingkang taksih wonten toewoeng malih awoedjoed anggoer malih, namoeng Rah ingkang dawah ing Corporaal ladjeng andjendel taksih awoedjoed Rah.

Ngantos doemoegi samangké Rah Dalem taksih kasimpen, dados Poesaka ing Boxmeer.

Prakawis paseksèn, bilih tjarijos ing nginggil waoe saèstoe sanès goegon-toehon oetawi dongèng getok-toelar, boten kirang, lan inggih maremaken. Saweg nitik soengkemipoen tijang maèwoe-èwoe, ingkang pendak taoen, wiwit abad ingkang kaping 15 doemoegi samangké abad kaping 20, boten kendat sami soedjarah dateng Boxmeer, kados sampoen boten kirang tjeta menggah njatanipoen panggéram-éram waoe. Kedjawi poenika paseksèn awoedjoed document oetawi serat-serat inggih katah, soemimpen wonten ing archief ing pastoeran Boxmeer.

Ing taoen 1631 — 26 November — Kangdjeng Biskop ing Roermond, Jakoboes a Castro paring serat paseksèn, kasimpen ing archief Boxmeer.

Ing taoen 1499 ing Boxmeer sampoen wonten pakempalan ingkang kanamakaken: Pakempalan Rah Dalem (Broederschap van 't H. Bloed). Nitik namaning Pakempalan poenika, tétéla bilih kala semanten Rah Dalem sampoen pinoendi-poendi.

Kadjawi poenika paseksèn pangéram-éram oegi katah sami katjatetan, soemimpen ing archief Boxmeer. Kadosta ing taoen 1642 wonten laré oemoer $8^1/_2$ taoen, ajan, mantoen saras babar-pisan awit saking soengkemipoen dateng Rah Dalem. Ing taoen 1633 wonten laré èstri korèngen boten mantoen-mantoen, saja dangoe saja mbabrak. Katah ingkang sami mastani: boten badé mantoen. Woesana sareng laré waoe soedjarah dateng Boxmeer, memalanipoen bablas, poelih. Ing taoen 1636 wonten tijang nama Hussen, sakit aboeh sampoen madal djampi, oegi mantoen awit saking soengkemipoen dateng Rah Dalem. Makaten sapanoenggilanipoen taksik katah. Sadaja kasimpen wonten ing archief Boxmeer.

Doemoegi samanten, tétéla terang bilih Poesaka Rah Dalem waoe sampoen kina sanget. Oetawi malih oegi tétéla menggah ing njatanipoen pangéram-éram Rah Dalem katjarijos ing nginggil, kotitik agenging kramatipoen.

Badé kasambet.

PEMANDANGAN TENTANG VOLKSTELLING.

(Saking: kantor Volkstelling).

„Menjokong volkstelling, mentjinta tanah air."

Beroentoenglah sekarang, karena pengaroeh matjam - matjam propaganda jang telah tersiar kian-kemari diseloeroeh tanah Hindia ini, orang bertambah lama bertambah banjak mengerti akan keperloean perhitoengan djiwa alias Volkstelling. Hal jang demikian memang soedah sepatoetnja. Sebab sedangkan didalam oeroesan jang ketjil-ketjil sadja, seperti oeroesan didalam roemah tangga, waroeng, perkeboenan, pertoekangan d.l.l., pada satoe tempo orang poen mesti menghitoeng dan mengira masing - masing keadaan oeroesan itoe, oentoek mengetahoei dan mendoega boeroek dan baik hasilnja, pada waktoe jang telah laloe dan dimasa jang akan datang.

Apa kata lagi oeroesan *Volkstelling*. . . ., ja'ni soeatoe oeroesan oemoem, jang bersangkoet dengan hal keadaan-soesah dan senangnja-sekalian ra'jat, pastilah seorang poen jang sehat pikirannja, ta' dapatlah akan menjia-njiakan keperloeannja.

Lebih - lebih lagi djikalau ra'jat itoe mema'loemi, bahwa hanja dengan oeroesan volkstelling jang dilakoekan dengan teliti sadjalah, maka orang dapat memadjoekan tanah airnja, soepaja boleh termasoek kedalam golongan tanah² jang modern, jang terpandang beschaafd atau kesopanan.

Karena itoelah masing - masing pendoedoek jang soenggoeh-soenggoeh hendak mentjapai keselamatan dan kemadjoean Hindia ini, mestilah soeka menolong pegawai - pegawai volkstelling memberi segala keterangan jang dikehendaki oleh mereka itoe boeat tjatetannja, dengan seloeroes-loeroesnja dan setjoekoeptjoekoepnja.

Tambahan lagi menilik besarnja belandja dan soekarnja kerdja volkstelling itoe, maka kerdja perhitoengan djiwa itoe oleh kebanjakan negeri - negeri, hanjalah dilakoekan *sekali* didalam sepoeloeh tahoen. Demikian djoega dinegeri kita ini. Dan hal ini poen menambah kejakinan poela, bahwa bantoean jang terseboet diatas ini bagi Volkstelling, soepaja mendapat hasil jang bagoes, boekan main besar harganja.

Orang tidak perloe choeatir memberi satoe - satoe keterangan jang dikehendaki itoe, sebab masing-masingnja itoe tidaklah akan dioemoemkan. Oleh kantor besar Volkstelling di Weltevreden sekalian keterangan jang ketjil - ketjil itoe, sematjam-sematjam dikoempoelkan mendjadi satoe sampai mendapat djoemlah besar. Dan djoemlah-djoemlah besar itoelah nanti jang akan dioemoemkan. Baik dalam satoe-satoe district atau onderafdeeling, dalam satoe² afdeeling atau daerah, dan demikianlah seteroesnja sampai mendapat djoemlah besar boeat seloeroeh tanah Hindia ini.

Djadi nama - nama orang dan kerdjanja orang itoe, seperti mendjadi baas toekang batoe atau saudagar barang batik d.l.l., ta' dapatlah diketahoei lagi didalam djoemlah itoe. Tjoema jang dapat diketahoei oempamanja djoemlah baas toekang batoe *sekian*, ... dan djoemlah saudagar barang batik *sekian* d l.l. Dan setelah djoemlah - djoemlah jang seperti itoe didapat, maka daftar - daftar tjatetan jang banjak itoe boleh diboeang atau disimpan mati - mati. Djadi artinja tjatetan seperti tertoelis didalam masing-masing daftar itoe mesti tinggal batin, sekali - kali *ta' boleh* dioemoemkan oleh siapa djoeapoen.

Tiap - tiap keterangan jang dikehendaki oleh Volkstelling itoe, dapatlah poela dima'loemi, bahwa goenanja akan mendjadi soeloeh oleh Pemerintah oentoek membawa ra'jat kedjalan kemadjoean dan keselamatan. Djadi apabila soeloeh itoe tidak sempoerna terangnja, tentoelah Pemerintah ta' dapat melakoekan kewadjibannja dengan sepatoetnja, sehingga hal itoe boleh mendatangkan karoegian atau kemoendoeran kepada ra'jat. Djadi sekalian pendoedoek Hindia mestilah sepakat sama - sama beroesaha, soepaja hal jang meroegikan ini djangan sampai terdjadi.

Boleh djadi adalah orang jang mengira oempamanja, djikalau pegawai volkstelling menanja berapa 'oemoernja, bahwa pertanjaan itoe dipandangnja sebagai main² sadja. Persangkaan itoe memang salah benar. Sebab pertanjaan itoe teroetama besar sekali paedahnja, ialah boeat mengetahoei djoemlah orang-orang moeda dan djoemlah anak-anak, jang mesti dioeroes nanti oleh Pemerintah misalnja tentang tempat kediaman dan sekolahan mereka itoe. Ja'ni soepaja hidoep mereka itoe kelak boleh selamat dan djangan mendjadi sia-sia didalam pergaoelan oemoem.

Demikian lagi pertanjaan tentang pekerdjaan misalnja, poen tidak sedikit paedahnja. Karena dengan penerangan itoe dapatlah Pemerintah mengetahoei: mana - mana djenis pekerdjaan jang madjoe dan jang moendoer, jang patoet diberi bantoean atau perlindoengan, jang patoet dididik atau ditjegah d. l. l. Pendeknja tiap-tiap pertanjaan itoe ta' adalah jang sia - sia, tetapi semoeanja adalah mengandoeng kebadjikan jang besar harganja!

Oleh sebab itoe djikalau ada diantara ra'jat nanti pada waktoe volkstelling itoe didjalankan, jang bersengadja memberi keterangan jang salah atau sama sekali ta' maoe memberi keterangan kepada pegawai - pegawai perhitoengan djiwa itoe, karena sesoeatoe hal jang dichoeatiri atau ditakoetinja, maka bolehlah orang itoe dipandang sesat, sebab berchianat kepada tanah airnja, ... soenggoeh - soenggoeh samalah halnja dengan seorang jang sakit, berchianat kepada dirinja sendiri, sebab ia sengadja menjemboenjikan hal penjakitnja kepada dokter, karena dokter ini hendak memberinja obat jang boleh menghilangkan penjakitnja itoe!

Dan soepaja kesesatan atau kechianatan itoe djangan sampai terdjadi, itoelah sebabnja maka Pemerintah mengantjam mereka itoe, jang berlakoe serong dalam segala hal jang berhoeboeng dengan volkstelling, dengan *hoekoeman pendjara* selama - lamanja *empat belas hari* atau *didenda* sebanjak - banjaknja *tiga ratoes roepiah*.

Boeat memberi pemandangan kepada t t. pembatja, bahwa volkstelling itoe dinegeri-negeri jang telah tinggi kesopanannja, telah lama mendjadi soeatoe keperloean jang amat penting, maka dibawah ini adalah diterdjemahkan seboeah ma'loemat dari Pemerintah Egypte (Mesir), jang bertanggal 10 Februari 1917, jaïtoe waktoe Pemerintah disana pada boelan Maart tahoen itoe akan mengadakan perhitoengan djiwa jang kedelapan kali. Boenjinja:

„Perhitoengan djiwa ditanah Mesir jang akan dilakoekan pada malam 6 - 7 Maart boleh berhasil baik, ialah sebahagian besar bergantoeng kepada kemaoean jang soetji dan bantoean jang ichlas dari ra'jat sekalian.

Dalam hal itoe perhitoengan djiwa itoe memanglah soeatoe pemeriksaan jang amat mahal belandjanja dan amat besar keperloeannja boeat statistiek, jang dilakoekan oleh Pemerintah oentoek kepentingan ra'jat. Sebab itoe bagi masing - masing ra'jat patoetlah mendjadi satoe kewadjiban dan keperloean boeat memberi segala pertolongan jang boleh dilakoekan."

Apabila „tanah Mesir." dan „malam 6 - 7 Maart" jang terseboet didalam ma'loemat itoe diganti dengan *Tanah Hindia* dan *tanggal 22 September sampai 7 October 1930*, maka ma'loemat itoe pastilah boleh kita pandang sebagai ma'loemat dari Pemerintah kita di Hindia ini.

POESPITA MANTJA WARNA.

— Toemoet oeroen rembag —

Sapinten pigoenanipoen serat kabar, para sadèrèk sampoen boten kekilapan; mila soewawi ambijantoe sagadoeg - gadoegipoen; - ambijantoe ingkang sampoen madeg, saha ambijantoe ingkang saweg badé madeg. Ingkang sampoen wonten temtoenipoen kedah langkoeng kagatosaken katimbang ingkang saweg badé medal, taksih wonten ing panggalihan, awit ingkang sampoen wonten poenika nama barang ingkang temtoe.

Kanggé laré sekolah toewin ingkang sampoen medal saking sekolahan (H. I. S.) saha teroes njamboet damel sampoen wonten. Ingkang satoenggal medal saben woelan, satoenggalipoen medal kaping kalih ing sawoelanipoen. Kindervriend basanipoen warni tiga, Djawi, Mladjeng, Wlandi. Kados-poendi roepinipoen toewin kados-poendi isinipoen, koela dèrèng njoemerepi pijambak. Bokmanawi Redacteur Sw. Tm.?*) Déné H. I. S. koela pijambak sampoen kerep maos; mila saged mastani, bilih poenika namoeng kanggé laré H. I. S. tok. Kanggé laré wedalan sekolahan angka 2 kekatahen tjara Wlandinipoen, dados boten matoek: laré wedalan sekolaban doesoen babar pisan boten mangertos, manawi maos. Oepami H. I. S. dipoen atoer tjara énggal kados Kindervriend, kados-poendi? — Prakawis poenika kedah rembagan kalijan ingkang kagoengan; ananging sakoela boten saged rembagan, awit panggénan koela wonten ing boentoet; ingkang saged para pangadjeng, oepaminipoen bestuur P. K. W. saafdeelingipoen K. W. - K. W. pisan. Poenapa voorstelipoen sad. Trenggana ing Sw. Tm. No. 28 boten dados panggalihan? Lah kados-poendi pamanggihipoen sad. Penonton ing Sw. Tm. No 29? Poenapa inggih namoeng kèndel voorstelan kémawon. Bok inggih dipoenkedapi kagalih poendi ingkang kaangkat. Oeger toemandang kémawon, koela sampoen toemoet bingah, awit poenika mratjihnani actief kita. Saking roemaos koela pijambak sagedagan poenika bab pakempalan kita kok ragi lembèk, katitik saking boten wontenipoen verslag-verslag ing Sw. Tm. béda kalijan sawatawis woelanan kapengker.**)

Soemangga ta sadèrèk sampoen ngétja-étja, toemandang ing damel, saijeg sesarengan madjeng. Poenapa badé tarimah, manawi kaparaban bosenan? Temtoe boten. Manawi boten, lah inggih soeka boekti, ingkang saged njatakaken, bilih kita boten bosenan. Poenapa poeroen dipoenwastani boten actief? Temtoe boten. Manawi boten, lah inggih soeka boekti, ingkang njatakaken manawi kita actief saèstoe. Trimah wonten ing boentoet? Temtoe boten. Lah inggih tjantjoet moedjoedi idam-idaman kita. Sampoen taoenan badé ngadjengaken serat kabar kita; rembag dedreg; doemoegi ing ngendon: nihil. Jèn prakawis arta koela kinten boten; awit katah ingkang saged mbajar, éwadéné boten kersa lengganan; oetawi manawi dados lengganan, boten netepi kawadjibanipoen, katjeta wontenipoen correspondentie ing Sw. Tm. saben-saben administratie tansah ngéngetaken dateng para lengganan, O, para sadèrèk idam-idaman kita boten badé kaleksanan, manawi namoeng kasanggi pirembagan lan begandringan kémawon; ananging ingkang langkoeng déning perloe toemandang damel, boten mawi sebawa sora, aglijak-glijak tansah djoemangkah madjeng.

Déné madjengipoen waoe inggih saking sakedik; oepami kawedalaken kaping kalih saminggoe. Déné sagedipoen makaten kedah kabantoe para lengganan, liripoen poeroen netepi kawadjibanipoen saèstoe; temtoenipoen arta lengganan mindak. Sampoen oedjoeg-oedjoeg kedah kadamel serat padintenan (kados oepami ingkang kawrat ing Sw. Tm. No. 30: manawi saged medal padintenan temtoenipoen boten badé boebroek (boten padjeng), djalalaran sadaja tijang . . . .). Saged ngandika makaten poenika rak manawi sampoen kapestèkaken saged medal saben dinten. Sapoenika ingkang karembag ragadipoen kanggé ngedalaken saben dinten. Moegi kaarah-araha, sampoen kebat kliwat. Boten kirang-kirang serat kabar loemebet ing koeboer. Ananging boten sakedik oegi, ingkang nembé medal, teroes soeboer lestantoen. Poenapa Sw. Tm. badé panggah alit kémawon?

Dedamel kita namoeng poenika. Manawi boten kaasah, kados-poendi?

Ma'af.

Pararta.

*) Kita inggih dèrèng angsal kintoenan, dados inggih boten saged matoer. *Red.*
**) Mriksanana Sw. Tm. minggoe poenika. *Red.*

— KORAN KITA. —

Swara-Tama minggoe poenika dipoenwewahi lembaranipoen. Poenapa kadang kala saged makaten? Poenika goemantoeng saking para lengganan, manawi sadaja netepi koewadjibanipoen, inggih saged. Pramila soemangga ngisèni postwissel ingkang sampoen kakintoenaken woelan wingking, ladjeng kawangsoelna dateng Administratie, moempoeng tanggal nèm.

Anañging sanadjan sampoen makaten poenika, para lengganan meksa kedangon anggènipoen ngentosi wedaling Sw. Tm.; poenapa boten saé dipoen kerepi wedalipoen? Oepami kaping kalih? Arta lengganan ladjeng pinten? Njenjadang serat-serat.

ADMINISTRATIE.

ANGEN-ANGEN MRAJANG.

Jèn mbikak Geschiekundig gedeelte karanganipoen Pt. H. H. Moreu H.O. Semarang, tjitakan taoen 1897 katja 12, larikan 2 saking nginggil, pinanggih angka taoen 1610 lan tetemboengan: Pieter Both de eerste Gouverneur-Generaal van Nederl. Oost-Indië.

Wah, doemoegi sapriki kok sampoen pinten taoen mangga nampéjan pétang pijambak, tigang abad langkoeng.

Wekdal saprika lan sapriki poenika wonten lelampahan, kadadosan oetawi kaindakan saha kamadjengan poenapa? poenika poen goblog legog-legog oetawi delog-delog boten ngretos, poen gebleg boten denger, poen soengkan boten naté mikir, poen soetik tansah ndelik ingkang kanggé waton: djirih isih, kendel kapetel.

Poenika poen panjerat oegi matoek oeger leres trapipoen. Djirih dateng poenapa, kendel ingkang kados-poendi.

Jèn djirih oetawi adjrih boten poeroen dateng maksijatan; tjotjog. Jèn kendel andloeja, boten nalar, nasar, babé namoeng ndjlomprongaken, oetawi ndjroengoepaken, damel pitoenaning anak poetoe oetawi gesang bebrajatan, mesti poen panjerat boten matoek sakedik-kedika.

Kendel dateng ingaleres, maton, nalar, nedya saged damel waloeja, rahajoe koentjaraning bangsa, poenika ingkang dipoenadjeng-adjeng para ingkang sami ngidep ing boedi rahajoe.

Dados, jèn wonten wenèhing tijang ngaken pinter, kendel, anoenoentoen dateng sasami oetawi mamarahi ingkang kawoesananipoen ndadosaken tjilaka sangsara toer boten namoeng sabadan kémawon, poenika namanipoen pinter geblinger, kendel ngawoer, boten ngambah margi leres, ingkang andjog dateng ing kedoeng katentreman. Boten kendel, nanging koemendel namanipoen lan koeminter.

Pantjènipoen, jèn njata nijat andjoendjoeng lan moeljakaken dateng bangsa, damel oetawi nggajoeh dateng tata tentrem, kreta rahardjaning tanah, loehoer, gemah ripah loh djinawi, mboedidajaa kanti manah eneng ening soetji, datan njimpang saking mala boeka antjasing sedya ajoe, sampoen namoeng kadamel topèng kémawon.

Tata tentreming pradja boten srana mimis, bedil, bom lan sapanoenggilanipoen, nanging srana mawi dedasar boedi sarèh, sabar, tlatos, boten moerang tata, nerak sarakangger. Langkoeng oetamining-oetami kinanténan angibadah, soeméndé ing PANGÉRAN lan njoenjoewoen sih pitoeloenganipoen sageda kaboel; boten tindak roda pari paksa, alampah danawa, nanging mawi boedi satrija. Pédah poenapa ngrangsang-ngrangsang kedjoerang, daja-daja meksa ning toemekèng nista, nandang papa tjintraka. Rindik ipjik, glijak-glijak saged njandak, alon-ajon klakon, samadya nanging tembé wo eri saged damel begdja lan moelja karaosaken ing para bangsa poenika langkoeng pigoena, tanda poenika djan njata satrija oetama, sing pantes ingalembana; mangkana toetoeré wong toewa-toewa kang ambek oetama. Tata titi tindaking para satrija.

Ki dalang
DARMAWITJARA.

-:- VARIA. -:-

KABAR SAKING MERAPI!

Pamoelangan doesoen particulier kados-poendi?

Poenika pitakénanipoen tijang, toemoedjoe dateng kawontenan ing Magelang. Ingrika nalaripoen wonten oesoel saking wakiling sad. goeroe doesoen, ingkang wosipoen njoewoen dateng ingkang wadjib, soepados kalilana nampi Kedjawèn, déné jatra aboné katanggela ing kas doesoen.

Panjoewoen waoe kapareng, malah ingkang Residèn pijambak kersa paring tanda kabingahan dateng oesoelipoen para sadèrèk goeroe doesoen waoe. Déné kok ngantos semanten kasilipoen, margi ing dalem panjoewoenan kinantèn katrangan ingkang maton. Ingatasing bab poenika koela toemoet bingah.

Émanipoen bab waoe kanggénipoen sedèrèk goeroe doesoen partikelir kok boten katoet. Poenapa kawontenan poenika boten moeroegaken damel kepéngin? Manawi nitik kawontenanipoen sami déné ngrembag doesoen, koela gadah raos kados boten wonten awonipoen jèn bab poenika goeroe-goeroe particulier pikantoeka kamirahan! Ngèngeti wosing sedya kanggé laré-laré oetawi tijang sepoeh, lo? Déné ngantos sapriki sadèrèk sak doesoen sampoen sami saged pikantoek wewahan sarat srananing panggoela-wentah, dapoer kawroeh saking „Kedjawèn," particulier namoeng mlirak-mlirik kémawon, poenika kabekta saking sebab poenapa, koela kepéngin ngertos!!!

Bajoeworo.

DJAMAN TJÈLÈNGAN.

Sapoenika wangoenipoen systeem oempoel-oempoel, sedia poepoer sadèrèngipoen bendjoet, oetawi mékani pakèwed, sampoen katingal menggahing prajogi lan preloenipoen! Katanda ing papan ingkang wonten poenggawanipoen ageng-alit sami mrelokaken ngwontenaken karoekoenan njèlèngi.

Kados-déné Doekoen, saking apes setangsoel sewoelan sampoen loemajan kanggé mékani prakawis dadakan. Sapamireng koela Moengkit, Mertajoedan, Tempoeran oegi sampoen ngadani, makaten! Soekoer, .. lan koela ngadjab sempoeloeripoen.

Bajoeworo.

DJAGAD PAKEMPALAN.

„Persaudaraan."

„Persaudaraan" inggih poenika satoengggiling pakempalan énggal, ingkang nembé kémawon lair. Lairipoen wonten ing Poerwokerto (Banjoemas), nalika tanggal 1 Juni 1930, déné ingkang kénging dados liding „Persaudaraan" inggih poenika sadaja tijang ingkang kagoengan diploma Normaalschool, oetawi diploma ingkang kaanggep sami lan diploma Normaalschool.

Wondéné ingkang gadah ada-ada ngawontenaken pakempalan waoe sadjatosipoen: 1. sad. Wasiroen Danoesiswojo, 2. sad. Matori Kartosoedirdjo, 3. sad: Soedjani Prawiroatmodjo. Sareng sampoen goelet rembagipoen, sadèrèk tetiga waoe ladjeng sami manggihi tilas sesepoehing P. N. S. sad: Soepardi, preloe kaatoeran mandégani pakempalan waoe. Senadjan ing lekasipoen sad: Soepardi waoe roemaos kawratan nglegani paneda waoe, nanging saking sangeting pangarih-arihipoen sad: tetiga waoe, sad: Soepardi inggih ladjeng kresa nglegani, waton kapitadosanipoen teroes ing manah, sampoen ngantos namoeng wonten ing pangandika tok.

Menggah dedapoekaning pangrèh voorloopig:

1. sad. Soepardi, pangarsa
2. sad. Tamat, panitra
3. sad. Danoesiswojo, hartaka
4. sad. Matori Kartasoedirdjo } noepiksa
5. sad. Daroes Darmjsiswaja } noepiksa
6. sad. Prawiroatmodo } noepiksa
7: sad. Karjohardjono } noepiksa

Para liding Persaudaraan sami kawadjibaken njèlèngi f 1.— lan mbajar contributie f 0,50 saben woelan (contributie kadamel ratjak A. D. S.). Tjèlèngan waoe kéngingipoen kapendet, samangsa lid waoe neda medal oetawi sampoen 5 tahoen laminipoen dados lid.

Toedjoeaning Persaudaraan ingkang preloe-preloe:

1. Njaèkaken economining lid sarana njamboetaken jatra tjèlèngan waoe, sampoen temtoe kémawon nganggé sarem lo!
2. Njaèkaken padamelanipoen para lid, mila saben lid tjalon badé tampi: „Pengadjar" (serat woelanan) lan „Nasib" (orgaaning Persaudaraan waoe kanti lelahan).
3. Njaèkaken nasibing para lid sarana ihtiaripen opijambak.
4. Lan sanès-sanèsipoen.

Ing samangké Persaudaraan dèrèng saged ngaoeb ing bendéraning P. G. H. B.

Para maos! pandjenengan sadaja koela atoeri ngraosaken pakabaran ing nginggil poenika, sampoen kasesa ndawahaken panatjad dateng Persaudaraan, djer Persaudaraan mekaten boten soesah jèn katjatjad lan oegi boten betah dipoenalem,*) betahipoen namoeng lid.

22-7-'30. A. D. S.

ONDERWIJS.

GOEROE SEDJATI??

A. Oetamané wong dadi goeroe: 1. Moeloes ing salira. 2. Aloes ing witjara. 3. Djatmika ing solah. 4. Anteng beboedèné. 5. Para marta lelaboehané. 6. Petitis nalaré. 7. Betjik lelaboehané. 8. Ora doewé pekareman.

B. Koewadjibané wong dadi goeroe: 1. Asih ing moerid. 2. Tlatèn pemoelangé. 3. Loemoeh ing pamrih. 4. Tanggap ing sasmita. 5. Sepi ing penggrajangan ing gagasané moerid. 6. Ora mbalèkaké pitakon. 7. Ora gelem ngendak ing kagoenan. 8. Ora ngoenggoel-oenggoelaké kapinteranė.

C. Goeroe lan moerid koedoe tansah resep-rinesepan.

Para sadèrèk! Oengel-oengelan tigang bab (A. B. C.) ing nginggil, senadjan sekedik, ning ampoen ngemoe raos lebet sanget. Jèn kaoeloer wah saèstoe badé ngambraambra, dèrèng kantenan jèn sami linampahan. Jèn sedaja goeroe atindak kados mekaten, saiba ta koentjaraning Indonésia; margi amesti badé ngoendoeh woh ingkang maremaken manah. Pradja saèstoe badé tata rahardja, kinèringan ing pradja sanès. Poenapa boten wonten tijang alampah awon? Inggih wonten, nanging kinten koela teka inggih namoeng sekedik; béda jèn tijang nalika alitipoen boten angsal penggoela-wentah ingkang saé. Poenapa ta sebabipoen pakoendjaran ing Ierland kénging dipoenwastani lowong? Saking sami pikantoek penggoela-wentah ingkang saé. Jèn goeroe-goeroe ing Indonésia sami kersa nganggé pitedah poenika, o, badé énggal poelih kados djaman roemijin dradjading goeroe.

Sedèrèk goeroe Katholiek! Pendjenengan angsal penggoela-wentah ingkang loehoer, ngoengkoeli ing sesami, dados inggih kedah wani oetawi poeroen nindakaken koewadjibaning goeroe, inggih goeroe sedjati. Jèn pendjenengan badé dados goeroe sedjati, badé soegih mengsah. Pantjèn djagad nedya dedoewa dateng piwoelanging Sang Pamartaning djagad. Kita goeroe Katholiek sampoen adjrih ing mengsah; kita kedah wani nanggoelang sarosanipoen kanti lelèndéjan Sang Karja Rahajoe, boten-botenipoen badé kawon. Awas sedèrèk!!! Sepinten doerakanipoen goeroe ingkang lepat penggoela-wentahipoen laré. Saèstoe awrat sesanggènipoen. Kosok-wangsoelipoen badé ageng gandjaranipoen goeroe ingkang oetami, nedija noentoen bangsa ngambah ing margi dateng karahajon. Koela atoeri noelad dateng Sang Pamarta, para Pastoor lan para Zuster, inggih golonganing poenika sedaja ingkang moenggoeh sinebat goeroe sedjati: **„Dalan menjang kaoetaman ikoe akèh eriné, nanging jèn wis bisa ngambah kari ngrasakaké nikmaté."** Sampoen semanten roemijin.

Taklim koela
L. J. LAMBITA

*) Wonten ing djaman *persatoean* poenika koela meksa koemedah-kedah pitakèn: kados-poendi P. N. S. — pandjenengan? *Ngemohi?? Red. Sw.T.*

KALOENG PANGILON.

P. G. H. B. Petjah?

P. G. H. B. tjekakanipoen saking „Persatoean Goeroe Hindia Blanda" ingkang ngedalaken orgaan Persatoean Goeroe; warga-warganipoen ± wonten 13000; sadaja poenika goeroe ingkang mestinipoen satoenggal-satoenggaling goeroe langkoeng djoedjoer toewin sabar, djer temtoenipoen ndidik dateng moerid-moerid ingkang ing tembé wingkingipoen dados ijjang ingkang badé gesang wonten ing Maatschappij. Lepating pandidik temtoe badé adamel sangsaraning laré poenika sanak-sémah, ingkang oegi badé noemoesi dateng toeroenipoen. Poenapa boten awrat sanggèn poenika? Ngoengkoeli awratipoen katimbang kalijan ngangkat oetawi ndjoendjoeng barang ingkang 100 datjin awratipoen, djer poenika taksih kénging kaberahaken.

Poenapa didikan oegi inggih badé kaberahaken tijang sanès ingkang boten ber-paedagogie? Ah, rak inggih memelas, mesakaken! noen!

Para djadoeg-djadoeg, para bénggol-bénggol ing Indonesia ngriki sami ngoedi dateng roekoening kaoem Indonesiërs, sampoen ngantos wonten ingkang tabrak-tabrakan, toendjang-toendjangan, djégal-djégalan, djotos-djotosan amrih énggalipoen saged kadoemoegèn idam-idamanipoen *Indonesia mardika*, kok ngriki kaoem goeroe ingkang sampoen wonten saijeging roekoen, badé karisak, ingkang badé ndjalari sangsaranipoen kaoem goeroe??

Ngiloa, ta roemijin, djalaran tijang-tijang sanès sami alok lan njaroewé dateng kaawonanipoen. Kagaliha pandjang-lébar, sampoen kesesa ndawahaken poetoesan P.G. H. B. miring pada soeatoe fihak, djer inggih kedah kamanah langkoeng pandjang malih, manawi kabetahan oemoem poenika mesti kedah kamenangaken kalijan kabetahan induvidueel.

Soerakipoen kaoem sana kadospoendi? Rak sangsaja anggènipoen ngilèni, amrih énggala saged tjongkrah petjah dados pinten-pinten secten, awit manawi sampoen makaten temtoe boten badé lepat kénging katjengkerem malih, ingkang oewalipoen badé sangsaja ngrekaos, djalaran wonten ébahipoen sakedik, koekoe panjengkerem waoe sangsaja anggènipoen badé ngeblesaken dateng badan ingkang dipoentjengkerem.

Ngiloa, ta! poenika wonten pangilon! kok barang ingkang sampoen pernah, sampoen mapan panggénanipoen, ingkang moeroegaken pantes loewes kèwes badé dipoen*odal-adil* dipoenrisak, malah sasaged-saged kadandosana, amrih langkoengipoen prajogi malih, kénginga dados *toeladan* djer sampoen samestinipoen tandang-tandoek solah-tingkahing kaoem goeroe poenika dados *katjabenggalaning* bangsa kita Djawi sanès golongan.

Mila memoedji sampoen ngantos kadadosanipoen, awit mangké mindak kakaloengan pengilon, kasemprot, katjipratan mangsi oetawi sanès-sanèsipoen saking sanès golongan, ingkang boten woeroeng badé andamel lingsem saha koetjeming kaoem goeroe sadaja.

Paredèn
Toetiboedhiati.

MANTJA NEGARI.

ITALI.

KASANGSARAN NGERES-ERESI, MARGI LINDOE.

Peteng ndedet, tatit pating tjlèrèt, boemi gendjot, oedan tangis.

Kala malem Kemis (23/24 Djoeli) tanah Itali sisih kidoel katradjang lindoe ageng. Asalipoen saking Visciano (redi Vesuvius), 36 K.M. salèrwétan Napels. Wiwitipoen djam 1,10 daloe. Dangoenipoen ingkang sapisanan 46 sekon, ladjeng dipoensambeti gendjotan lirih kaping kalih, lañ tigang rambahan pisan sinarengan soewanten goemaroenggoeng ing salebeting siti, poenapa déné tatit sesliweran. Napels lan kita sanès ingkang katradjang, ing daloe wantji waoe ladjeng peteng andedet, kapireng swanten pating djalerit pating glero angeres-eresi. Polahipoen tijang kados gabah dipoeninteri, biloeloengan ngoepados pangoengsèn.

Ingkang risak.

Tanah ingkang risak, manawi kagambar doemoenoeng wonten salebeting madjeng-sakawan ingkang podjokipoen awoedjoed kita Napels, Bari, Taranta lan Salerno. **Kita Melfi, Venosa, toewin alitri, risak babar pisan.** Kadjawi poenika taksih wonten malih kita lan doesoen[2] ingkang inggih karisakan doemoenoeng ing provincie pitoe: provincie Avellino, Toggia, Palenzie lss.

Grija-grija sami djoegroeg, andjoegroegi tijang lan margi. Kathedral (Grédja agoeng) ing Salerno ingkang madegipoen kala taoen 1080, inggih djoegroeg. Toedjoenipoen boten isi tijang. Kapitoenèn langkoeng saking 2000 mlijoen lire.

Ingkang pedjah.

Ingkang sampoem saged kasoemerepan, boten kirang saking 2000 majit (lindoe Itali kala taoen 1857, manoet Locomotief, damel pedjahipoen tijang 12.300). Tijang ingkang ketaton inggih éwon.

Tjatjah majit semanten poenika, taksih saged wewah malih.

Pandjagi, pangoepakara.

Departement van Oorlog, Roode Kruis, poelisi sami toemandang atoetoeloeng. Sadaja sakolahan ing Napels kadadosaken grija sakit. Dipoenoendangaken: sinten ingkang sami ndjedjarah wonten papan karisakan, dipoenoekoem pedjah. Kanggé ngoeboer tijang ingkang pedjah, betah siti sawatawis mil. Nagari doendoem teda! Patandon djampi, katingal tipis. Arta darma sampoen langkoeng mlijoenan lire!

Wonten lindoe malih.

Dinten Djoemoewah karaos wonten lindoe malih, boten santer. Nanging bentèripoen hawa boten kanten-kantenan. Ing dinten waoe bentèripoen minggah medak kémawon wonten streep 40 celsius. Redi Pozzuolo sadèrèkipoen Vesuvius medal latoenipoen: tetijang sami koewatos.

Kasangsaranipoen Itali boten tjekap semanten.

Sisih Kidoel katradjang lindoe, poenika sampoen damel prihatos. Nanging taksih dipoenwewahi; manoet tilgram tanggal 24 Juli, Itali Lèr katradjang prahara ageng. Ingkang katradjang saantawisipoen Milaan kalijan Venetië. Wit-witan sami rebah, lan inggih katah tijang tiwas toewin tatoe.

Lindoe Itali waoe oegi karaos doemoegi Indonesia.

Semanten dajaning kodrat! Manawi Allah karsa damel risaking djagad, sasekon kémawon leboer! Wingi taksih goemoedjeng, samangké sampoen tangisan! Wingi Itali pantjerengan kalijan Parangakik, sapoenika sampoen dipoengebag perang, tanpa saged loemawan. Nanging ingkang nggebag dédé Parangakik; koewasaning Pangéran!